Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Sulub 1

R. Ng. Yasadipura I

rektorat
layaan

partemen Pendidikan dan Kebudayaan

PPS/Jw/10/81

Milik Dep. P dan K
Tidak diperdagangkan

MENAK SULUB
1

Oleh
R. Ng. YASADIPURA I

Alih aksara dan Alih bahasa

oleh

Soeparmo

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1122
Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

		kaca
I.	Sang Amir kalebetan racun, badanipun pejah sepalih	9
II.	Prabu Kistaham badhe numpes balanipun Sang Amir	14
III.	Sang Amir saged waluya dening Sang Pandhita Nukman	18
IV.	Sang Amir bidhal kondur dhateng Medayin	25
V.	Retna Muninggar badhe kadhaupaken kaliyan Prabu Olad Marjaban	30
VI.	Sang Amir dumugi Medayin	37
VII.	Retna Muninggar dipun wartosaken seda	42
VIII.	Sang Amir ngengleng, lajeng priksa bilih sang putri taksih sugeng	47
IX.	Patih Bestak badhe dipun banting dening Sang Amir	51
X.	Sang Amir nglurug dhateng Yunan	55
XI.	Sang Amir nonjok serat panantang dhateng Raja Hadis	63
XII.	Wadya bala Yunan bidhal badhe mapagaken mengsah dipun tindhihi Tamtanus tuwin Samtanus	69
XIII.	Tamtanus perang kaliyan Lamdahur tuwin Umarmadi	73
XIV.	Tamtanus, Samtanus teluk dhateng Sang Amir	79
XV.	Raja Yunan kapikut dening Sang Amir	83

I. SANG AMIR KALEBETAN RACUN, BADANIPUN PEJAH SEPALIH

KINANTHI

– Sigra denya ngambil racun, sira ni wadon Jansikin,
lawan Sansikin pra samya, wus winor munggeng ing kopi,
mangkya yen wungu ingadhang, manawa amundhut larih.

– Tan antara sira wungu, andangu Sang Jayengmurti,
yayimas ing Tambakretna, dene tan ana kaeksi,
lawan Kakang Umarmaya, karo padha aneng ngendi.

– Wadon kalih awotsantun, kalihipun samya mijil,
kados yen sanget aripnya, sakdangune wonten ngriki,
samya ngantuk arenggotan, kalih tan saged nayuti.

– Sang Jayengmurti amundhut, larih mring wadon Jansikin,
linadosan kang lawaran, kaping kalih kaping katri,
dupi mundhut ping sakawan, kopi kang wus den racuni.

– Larih tinanggapan sampun, gumeter astanira Mir,
pagene ta astaningwang, anangga gelas tur cilik,
tan kawawa astaningwang, gumeter kepati pati.

– Ngundha gadane Lamdahur, gedhene angliliwati,
parandene tan rekasa, mangka iki gelas cilik,
apa baya iki wisa, nadyan wisaa sayekti.

– Mangsa wandea sun inum, saking tuhu setya mami,
marang Yayi Muninggar, sanadyan tumekeng pati,
apan iku kang minangka, ciptaku Sang Rajaputri.

– Saksana nulya anginum, kang wisa ngrebda mranani,
wong agung Menak aniba, neng pasareyan gumuling,
sanget denira kantaka, amung keketeg kang masih.

– Sasigar sariranipun, kang pasah ing wisa mandi,
ingkang sasigar tan pasah, wisa medal tan mranani,
lir terong kulub sasigar, sasigar lir mas sinangling.

– Wong wadon kalih lumayu, medal ing kori kinunci,
wangsul medal bubutulan, mangkana ingkang winarni,
gulang-gulang Ngumarmayan, nganglang angideri baris.

– Trajualam naminipun, Sarpualam kang satunggil,
kalih punika lulurah, yen dalu tan ana guling,
andeling Kaumarmayan, lurah pethut tukang maling.

– Pakuwone para ratu, kabeh samya den nganglangi,
yen kala wiwit anganglang, pakuwone Jayengmurti,
yen sampun wradin sadaya, wangsul marang lebet malih.

– Malipir medal ing kidul, kapethuk estri kekalih,
medal saking bubutulan, tingkahe kaya wong wedi,
lulurah kalih graita, sigra denira ngadhangi.

– Wus cinekel kalihipun, binekteng mantuk tumuli,
prapta dhodhog pasareyan, kagyat dharakalan tangi,
Raden Arya Umarmaya, medal pedhange cinangking.

– Lulurah kalih wotsantun, angger pawongan kekalih,
medal saking bubutulan, tingkahe kaya wong wedi,
kang juru larih punika, Umarmaya aningali.

– Estu panggerong pambaut, Jansikin lawan Sansikin,
dyan Umarmaya tatanya, dene alunga sireki,
anapa kawedenira, mring Gusti Jayengmurti.

– Yen sira tan warah tuhu, sayekti ingsun pateni,
yen sira warah tur weca, sun uripi sun luwari,
wadon kalih dharodhogan, tanpa upaya onggeki.

– Wadon kalih aturipun, mila ngong kesah pan ajrih,
inggih pun Raja Kistaham, aken ngracun Jayengmurti,
ing wau sampun palastra, wong Agung Jayadimurti.

– Kagyat Marmaya angrungu, sigra pedhange tinarik,
kalih tugel pinedhangan, Ki Umarmaya nulya glis,
manjing marang pasanggrahan, praptane kagyat ningali.

– Dene ta Sang Jayengsatru, gumuling kadya ngemasi,
sariranira sasigar, tan pasah lir mas sinangling,
kang masah amung sasigar, lir terong kulub kang warni.

– Tanbuh-tanbuh solahipun, wau Ki Umarmayeki,
pinondhong mring pasareyan, Umarmaya sigra mijil,
angulari Raden Maktal, kapanggih maksih guling.

– Anunggil wong tunggu pintu, ginugah anulya tangi,
heh Maktal kayapa sira, tunggu ing rakanireki,
pagene ta sira tinggal, Raden Maktal anahuri.

– Marmane kakang ngong metu, karipan angliliwati,
kang sun penging lunga-lunga, panggerong wadon kekalih,
Marmaya sru wuwusira, lah ta mengko ana ngendi.

– Pawongan kang sira tudhuh, lah payo mring dalem aglis,
ikulah tanaganira, tunggu ing rakanireki,
mengko lah delengen uga, rakanira Jayengmurti.

– Prapteng pasareyan sampun, kagyat miyat ing Sang Amir,
Satriya ing Tambakretna, ngungkebi suku anangis,
saputing tyas lir wanodya, rara-rara melas asih.

– Umarmaya sru amuwus, heh Maktal paran sireki,
den rereh ing nalanira, wis menenga aywa nangis,
mangsa ta silih warasa, labete sira tangisi.

– Paranta karepireku, Raden Maktal anahuri,
yen sira tarima ringwang, pasti manira pupulih,
mring wong kang menggawe ala, sun balinga yen tan mati.

– Lebura ing astaningsun, kakang ing sawengi iki,
sun amuke si Kistaham, sira tunggua neng ngriki,
Umarmaya wuwusira, akasap pikirmu yayi.

– Ngupaya pikir kang lembut, kang kapenak den lakoni,
pikirmu kang mau ika, bubudene bocah cilik,
abecik sira ngundanga, mring sagung para narpati.

– Prabu Sahalsah ywa kantun, iku kang tuwa pribadi,
lawan kang duwe wasesa, nagara Serandil iki,
Pasti budine polatan, wong tuwa pikire luwih.

– Dyan Arya Tambakretna wus, medal sapraptaning Jawi,
ngundhangi kang para nata, ngumpul tan awisik-wisik,
malebet tan ana nggawa, rowang punggawa lan mantri.

– Raja Sahalsah tan kantun, prapteng jro sareng ningali,
ambyuk nangisi sadaya, ing pada myang kanan kering,
samya prihatin kalintang, geng tresna ing Gusti Amir.

– Tan panon wrating pandulu, yayah pejah tanpa kanin,
sadaya tan manah cidra, ing Gusti Sang Jayengmurti,
pan amung Prabu Sahalsah, anjetung tan bisa angling.

– Dyan Umarmaya amuwus, heh sagung para narpati,
sirep aywa na karuna, ngupaya budi kang ririh,
kang prayoga linampahan, wus sirep sagung narpati.

– Marang Sahalsah umatur, paran karsanta Sang Aji,
ngandika Prabu Sahalsah, lan anak Umarmayeki,
punika yen kendelena, tanpa wekas walang ati.

– Gusti saya gerahipun, miwah yen nuli miyarsi,
inggih pun Raja Kistaham, sayekti ika nekani,
akarya keroning driya, tanbuh mungsuh tanbuh Gusti.

– Nedya amapag ing mungsuh, kuwatir atinggal Gusti,
iki yen kayun manira, yen rembag para narpati,
sun gawa manjing jro kitha, nadyan Kistaham nekani.

– Wus penet pirantosipun, linawanan sawatawis,
sedheng ingsun budidaya, ngulati kang mausadi,
mbok ana wong guna bisa, mulyakhen ing Gusti Amir.

– Ki Umarmaya macucu, denya kaprayogan pikir,
rempeg sagung para raja, tan ana suwaleng pikir,
sigra amundhut jempana, kinarya mawrati Gusti.

– Wong Serandil punggawa gung, kang samya kinen rumiyin,
lawan angusung panjara, Lamdahur kang den sakiti,
wus budal punggawa Selan, kebut lampah tan ketawis.

– Ing wuri Sang Jayengpupuh, rinekseng sagung para ji,
inginggahaken jempana, pinikul ing pra dipati,
pranata ngayap jempana, wus kebut sagunging baris.

– Pan telas sami sadalu, nanging tan ana baribin,
lampahe prapteng jro kitha, nulya sagung pra dipati,
pinatah kang tunggu lawang, myang palatar tata baris.

– Sang Jayengmurti pan sampun, pinarnah ing kenya puri,
rineksa ing para nata, dene kang rumekseng jawi,
manawa mungsuh mangrepak, sagung satriya dipati.

– Dening Sang Prabu Lamdahur, pinanjara neng sitinggil,
tinengga ratu sadaya, sewu kang punggawa mantri,
miwah kang para santana, pra samya rumekseng wuri.

II. PRABU KISTAHAM BADHE NUMPES BALANIPUN SANG AMIR

PANGKUR

– Ing dalu tan kawursita, wis rahina Kistaham kang winarni,
sowan marang Jayengpupuh, sawadya punggawanya,
apan saben enjang ing pasowanipun,
wus prapteng pakuwon Ngarab, anyenyet kapanggih sepi.

– Angungun Prabu Kistaham, nulya mider ngiwa ngubengi baris,
miyat cengel gumalundhung, pisah lan gegembungnya,
nulya kendel Kistaham lan putra catur,
ingiling-ilingan ika, estu sirahe Jansikin.

– Lawan Sansikin kalihnya, suka mojar Kistaham marang siwi,
heh kalingane nakingsun, si Ambyah wus palastra,
pratandhane wong wadon loro linampus,
marma bala ngungsi kitha, dene gustine ngemasi.

– Heh ta payo wadyaningwang, tinandangan ginepuk kutha iki,
tinumpes kabeh iku, balane Jayengrana,
parandene gustine wus keneng racun,
mula bala ngungsi kitha, wedi gustine ngemasi.

– Kistaham nembang tengara, sumreging kang punggawa tata bari
bala sayuta wus kumpul, miwah putra sakawan,
mrepak kitha wadya gung surak gumuruh,
gagaman wus pinarapat, lor kidul wus den barisi.

– Miwah kulon lawan wetan, pan sadaya samya dipun tuguri,
bedhil-binedhil gumuruh, wong jro tan ana medal,
apan Prabu Sahalsah tan aweh metu,
miwah wadya bala Ngarab, eca denya tengga Gusti.

– Balane raja Sahalsah, kang mapag prang kabeh bala Serandil,

aprang saking jro kitheku, wadyeng jro ngeca-eca,
balanira Kistaham mrepak tan purun,
amrangi saking kadohan, mangkana sagung narpati.

– Kang samya tengga Wong Menak, pirembagan lawan Umarmayeki,
marang Sahalsah umatur, paran karsa paduka,
Sahalsah ngling ing ngriki wonten dhudhukun,
pan boya wonten wong lara, yen punika kang nambani.

– Ing Tagelur dhukuhira, saking ngriki lampahan pitung ari,
wonten silih wadyanipun, kang tate ingsun duta,
pitung dina den lakoni tigang dalu,
wasta pun Baratketiga, Bahram namane sayekti.

– Umarmaya aturira, yen suwawi tuwan utus tumuli,
Bahram tinimbalan sampun, prapteng ngarsa narendra,
angandika heh Bahram sira sun utus,
maranga ing Ujungtawang, timbalana Nukman Tabid.

– Sun wangeni telung dina, den kagawa bareng lakunireki,
Baratketiga wotsantun, mesat saking ngajengan,
Umarmaya tan sakeca manahipun,
mbok kena kinamadaka, nilib Marmaya gya mijil.

– Sakpraptanira ing jaba, nampel wentis mesat sasengga thathit,
elet sedinten sedalu, Bahram lan Umarmaya,
mung sakedhap kecandhak aneng wana gung,
Umarmaya malih rupa, mindha rare angon sapi.

– Lawan rare angen unta, sarwi bekta kaluwa sekuwali,
reren soring mandira gung, eca mangan kaluwa,
Bahram sayah samana milu angaub,
anon wong mangan kaluwa, Bahram kalirak-kalirik.

– Bahram kaliwat kasatan, isin njaluk dadya tatanya aris,
heh rare ngendi sireku, Marmaya saurira,
ingsun rare angon unta lawan senuk,
mentas beneraken ingwang, sayah leren aneng ngriki.

– Sira iku kalirikan, ngolod-olod miyat kaluwa mami,
Bahram alon sauripun, liwat kapengin ingwang,
yen sira weh ya banget tarimaningsun,
nulya wau sinukanan, kaluwa kang dinarubesi.

– Kaluwa wus tinampanan, marang Bahram nulya pinangan aglis,
nedha dereng kongsi tutug, kang darubesi ngrebda,
amucicil Bahram niba gumalundhung,
gumuling aneng bantala, sigra denira ndhedheli.

– Sapengadege sadaya, wis inganggo marang Umarmayeki,
nedya malih warnanipun, heh kaki Nabi Iskak,
ngong nenedha rupakena awakingsun,
kadi warnane pun Bahram, Marmaya wus malih warni.

– Angilo mring kekedhukan, estu kadi Bahram warnanireki,
cipta wus lega tyasipun, sira Ki Umarmaya,
nanging durung weruh dhukuhing Tagelur,
Umarmaya anenedha, heh kaki Nabi Ibrahim.

– Amba nedha kebatena, lan weruhna dhukuhe Nukman Tabid,
astane ginanda arum, lega tyase Marmaya,
ngrasa lamun katrima gya nampel pupu,
mesat sakedhap wus prapta, Ngujungtawang wus kaeksi.

– Lalampahan pitung dina, linampahan sadina bae prapti,
sartane wruh pernahipun, prapta kendel ing lawang,
kang atengga pintu kinen asung weruh,
yen Bahram prapta neng jaba, nedya panggih lan Kiyai.

– Saksana wus tinimbalan, prapta uluk salam ngalaihi,
sinauran ngalaekum, salam dyan kinen lenggah,
Nukman angling dene lawas tan kadulu,
Bahram tiron matur nembah, kathah pakewed Kiyai.

– Pan kawula kalih wulan, andhedherek ing Gusti Sri Bupati,
nut wingking salampahipun, satriya ingkang prapta,
saking nagri Medayin utusanipun,
nenggih Bathara Nusirwan, satriya Wiradimurti.

– Apan Sang Prabu Sahalsah, tan kena sah among ing Jayengmurti,
kang punika badhe mantu, dhateng Prabu Nusirwan,
kang tinandhing yuda kalawan Lamdahur,
pandhita Nukman ngandika, samengko paran ing jurit.

– Bahram tiron aturira, pun Lamdahur mangke sampun kajodhi,
pinikut ing Jayengpupuh, mila lampah kawula,
marek dhateng Kiyai apan ingutus,
dhateng Sang Prabu Sahalsah, nuwun usada kang manis.

III. SANG AMIR SAGED WALUYA DENING SANG PANDHITA NUKMAN

DHANDHANG GULA

– Inggih wong Agung Jayadimurti, sakonduripun saking payu - dan,
kantaka prapta ing mangke,
pan inggih keneng racun, mila tuwan dipun timbali,
dhateng Prabu Sahalsah, punika liripun,
sarenga lampah kawula, kinen nyatu ing Gusti Sang Jayengmurti,
kantaka keneng wisa.

– Pandhita Nukman lingira aris, kaya ngapa tingkahe Wong Menak,
Bahram tiron lon ature,
gesang sapengker ulun, kilap mangke Nukman lingnya ris,
mulane ngundang mring wang, basa wong karacun,
iku tan nganti panawar, lah delengen Bahram iki racun mami,
sun pete karya tandha.

– Nulya racun jinur lawan warih, sinokaken sangarsaning sanggar,
sela talundhak agenge,
kumlasa sap pipitu, duk tiniban sigar apalih, dangu racun angrebda, kang sela galepung, item sap pipitu sirna, Umarmaya miyat sakelangkung wingwrin,
hebat maras ing driya.

– Nukman angling apa karya mami, yen menyanga apa karyaningwang,
Marmaya langkung marase,
mangsa uripa iku, pake dhingin duk anyar olih,
iya padha sakala, tamba kang panuju,

kaya lamun waluyaa, yen wus kasep mangsa wurunga ngemasi,
laku ngong tanpa karya.

– Bahram tiron umatur wotsari, yen kawula tan ambekta tuwan,
mendah Prabu Sahalsahe,
dukane dhateng ulun, kados namba dipun pejahi,
luwung badan kawula, neng ngriki tan mantuk,
pandhita Nukman lingira, iya becik sira tetepa neng ngriki,
manawa pinejahan.

– Sang Pandhita gya mundhut tumuli, Bahram payo nginum
dhedhewekan, sun iki pira lawese
nora anginum-inum, salawase sira tan prapti,
nulya lekas bujana, anabuh katipung,
kemanak lan rebabira, Bahram tiron anggerong beksa menya-
nyi,
ngaleter lincak-lincak.

– Nukman umujeng suka denya ngling, Bahram iku olih gen-
dhing anyar,
teka ngendi pinangkane,
sapa nggonmu ngguguru, Bahram tiron umatur aris,
saking pun Umarmaya punika kang muruk,
satriya ibnu suraya, inggih mbekta luluconipun satunggil,
santana kaweraga.

– Ingkang paparab Umarmayeki, kang minongka andeling nga-
yuda,
julig kathah kasektene,
pandhita Nukman ngrungu, sakelangkung sukaning galih,
denya minum-minuman, ing dalu dereng wus,
sangat wuru sang Pandhita, Umarmaya gya nibani darubesi,
kagyat Nukman ngandika.

– Heh ta Bahram iki darubesi, ya pa gene sira salah karya,
Ki Bahram tiron ature,
apan dede puniku, saking sanget wurunya Kyai,
dadya salah paningal, ing watawis ulun,

Nukman mesem muwusira, yen mangkono mara inumen pribadi,
Bahram bangun saksana.

– Beksa nembang pan sarwi sisirig, dupi Nukman ngantuk gya binuwang,
gelase winutahake,
wangsul mring ngarsanipun, menthek-menthek sarwi menyanyi,
Nukman panyiptanira, yen uwus den inum,
sun dhewe kang salah tingal, yen wisaa si Bahram mau wus keni,
Bahram tiron mring ngarsa.

– Mendhak larih sarwi kethip-kethip, tinampanan mring pandhita Nukman,
cantrik kang ngladosi kabeh,
sayah pra samya ngantuk, ana kang gumuling nglampit, saking arip lan sayah, larih wus den inum,
tan adangu nulya ngrebda, Nukman weruh amegeng napas sireki,
sigra Ki Umarmaya.

– Ciptanira yen enengna iki, dhasar tabid yekti bisa nawa, joder lakuningsun mangke,
gya narik kanjaripun, asru nggetak sarwi ngagagi,
Nukman pan sampun niba, gya cinandak gupuh,
binuntel ing kemulira, wus pinondhong medal sarwi nempel wentis,
mesat pan kadya kilat.

– Tan adangu prapta nggenireki, wau Bahram ginantung luhur pang,
kala tinilar lampahe,
sigra pinenek gupuh, prapteng ngandhap den penawani, lenga wijen lan jeram, Bahram nulya wungu,
kagyat mulat ing Marmaya, sira pothet dene kapanggih neng ngriki,
lan iku oleh apa.

– Ingkang sira buntel kaya jisim, Marmaya ngling ya iki Nukman,
ingsun apusi kenane,
Bahram miarsa ngungun, sarwi goyang kepalaneki,
gawok sun kaya sira, ajulig kelangkung,
Marmaya sru wuwusira, payo Bahram ywa sira rondhe ing margi,
den rikat lakunira.

– Dyan lumampah Bahram Marmayeki, sarwi angindhit pandhita Nukman,
wong roro samya rikate,
prapteng jro kitha dalu, nerak baris pan kadya maling,
balanira Kistaham, tan ana kang weruh,
wus prapta ing Kenyapura, ing nggenira kalana Anjayengmurti,
ingadhep para nata.

– Kagyat para ratu aningali, Umarmaya bekta bubuntelan, nulya sinelehaken age,
tinambahan ing jeruk, lawan lenga wijen kinardi,
Nukman tangi gumregah, Bahram aneng ngayun,
Nukman asru wuwusira, heh ta Bahram sira gawe tan basuki, culika mring ragengwang.

– Bahram gupuh denira nauri, dhuh Kiyai pan dede kawula, ingkang ambekta praptane,
lah punika amungkus, Umarmaya den ling-ilingi,
nyata wukiranira, gumer para ratu,
Prabu Sahalsah ngandika, marma sira Nukman age sun timbali,
Gustimu keneng wisa.

– Tingalana gustinira iki, gerahe wus pitung dina lawan,
pitung bengi antakane,
Nukman tumingal ngungun, mundhut kaca anulya prapti, ingilonken paesan, menak Jayengsatru,
sariranira sasigar, ting palekah lir terong kinulub sami,
dene ta kang sasigar.

– Maksih mancur kadya mas sinangling, lan sumunu cahyane gumiwang,
kantun premanane bae,
pandhita Nukman muwus, kaya maksih umere iki,
sagunge para nata, hentyar tyasnya ngrungu,
pandhita Nukman lingira, yen anaa usada ingkang prayogi,
mojar Prabu Sahalsah.

– Lah entekna bapa tyas sireki, Nukman matur inggih yen wontena,
semura dadya sarate,
kagyat sira angrungu, yen semura kang den rasani,
satriya Tambakretna, sigra nyandhak bau,
nira Wong Menak kang kiwa, sarwi mojar ing ngriki manira eling,
inggih wonten semura.

– Dyan binayang ing para narpati, angingeraken sariranira, gya Raden Maktal ambelek,
semura wus pinundhut, cingak sagung para narpati,
miyat ing Raden Maktal, solah bawanipun,
cipta tunggal badan nyawa, lan Wong Agung dening wruh kang gaib-gaib,
samya jrih anggepira.

– Kang semura pan wus den tampani, marang Nukman matur mring Sahalsah,
paduka amundhut age,
inggih kang toya susu, kang tembeyan kang dereng nyapih,
sigra Prabu Sahalsah, utusan amundhut,
tan adangu nulya prapta, munggeng bokor Nukman sigra anglebeti,
kinaluku semura.

– Linenggahkan jinagan para ji, nanging taksih sangete kantaka, kalukon inginumake,
watara duk kalebu, punang racun kathah kang mijil,
cinatur wus sadasa, dina laminipun,

saben ari inginuman, duk samana Wong Agung menak anglilir, jangkep pitulas dina.

– Nanging dereng lenggah ngandika ris, ya pa gene angrubung maring wang,
para ratu ika kabeh,
pandhita Nukman matur, pan paduka kang den tenggani,
Gusti anandhang gerah, sanget keneng racun,
inumen malih punika, toya rilak kinalu kon maosadi,
kaduk panginumira.

-- Sariranya sasisih wus pulih, amung lesune kewala,
dupi catur dina lete,
amundhut bubur banyu, linadosan sampun binukti,
pan sarya angandika, sapa kang angracun,
umatur Ki Umarmaya, pun Kistaham margi pawestri kakalih,
punika kang kinarya.

– Sandi upaya mring Paduka Mir, malah lamine paduka gerah,
ngepung kitha sabalane,
tan anggop mrepakipun, sagunging kang para narpati,
tan arsa lumawana, den pilahur tunggu,
prihatin gerah paduka, kang methuk prang pan amung punggawa mantri,
linawan saking kitha.

– Wadya tuwan tan wonten medali, nulya lenggah Sang Sri Kakunging Rat,
andangu mring Umarmayane,
neng ngendi si Lamdahur, Umarmaya umatur aris,
taksih wonten penjara, tinimbalan sampun,
prapta Wong Menak ngendika, heh Lamdahur sira salina agami,
pan sun uripi sira.

– Alamdahur nembah mangastuti, ri sampunnya angucap agama,
nulya nguculan rantene,
ngendika Jayengpupuh, sira wani sun adu jurit,

mungsuh lan si Kistaham, gawaa sireku,
wadya sakethi kewala, si Kistaham sayuta wadyanireki,
Lamdahur matur nembah.

– Sampun menggah kang wadya sakethi, nadyan inggih badana sapata,
mengsah wewaha balane,
datan gumingsir tangguh, sanggenipun alintu jodhi,
mundhut Sang Jayengrana, gadane Lamdahur,
wus pinaringaken sigra, mundhut bala sakethi wus den saosi,
marang Prabu Sahalsah.

– Gya tengara kang bala sakethi, muntab medal marang jawi kitha,
abra tunggul banderane,
nembah Prabu Lamdahur, ing kalana Jayadimurti,
lah iya den prayitna, rusaken ing pupuh,
Kistaham kang ngepung kutha, Marmaya ngling dawagung den ngati-ati,
kenakna si Kistaham.

– Iku alane angliliwati, mring Gustimu Lamdahur sandika,
lengser prapteng jawi age,
nitih dipangganipun, kang anama Mageloningsih,
bala gung prapteng jaba, suraknya gumuruh,
katyat balane Kistaham, mulat lamun bala jro kitha miyosi,
mundur mapan nggonira.

IV. SANG AMIR BIDHAL KONDUR DHATENG MEDAYIN

DURMA

– Sigra Prabu Lamdahur melak dipangga,
miyat bala sakethi, sarwi ngundha gada,
heh kabeh wadya Selan, aywa ana kang milu jurit,
amung suraka, sun dewe kang ajurit.

– Wus atata mapan balane Kistaham,
Lamdahur mangsah aglis, ngamuk ngundha gada,
singa tinempuh bubar, Kistaham giris ningali,
nilib karsanya, putra kapat tan kari.

– Alamdahur anempuh panggadanira,
kang katiban sirna enting, kang kababit rebah,
sadaya giris mulat, wadya sarwal nganan ngering,
mawur sar-saran, Kistaham andhingini.

– Palayune tan pisah lan putra kapat,
ngrucat busananeki, ngangge cara kumpra,
momor palajengira, rusake wong tan tinolih,
akeh kajarah, punggawa para mantri.

– Myang satriya santananira Kistaham,
akathah minta urip, samya tinalenan,
bala sayuta rusak, wong Serandil njajarahi,
Sang Rajeng Selan, kalangkung denira mrih.

– Mring Kistaham wus dangu denira ngilang,
prapteng pinggir pasisir, mulat ing wong dagang,
nangkoda arsa mancal, palwa marang ing Medayin,
nangkodanira, sinorog ali-ali.

– Inten sakembaran melik ki nangkoda,
binekta layar aglis, wau raje Selan,
prapta ampeyan wana, Kistaham wus tan kapanggih,
kendel samana, Sang Prabu ing Serandil.

– Samya prapta bala kang angusir mengsah,
Lamdahur emeng ing tyas, Kistaham nora kapanggih,
sigra utusan, punggawa tur upaksi.

– Atur tiwas lupute Raja Kistaham,
paran karsaning Gusti, apa jinujula,
marang Medayin pisan, yen ana karsaning Gusti,
nadyan ngungsiya, marang jabaning langit.

– Lamun maksih urip kecandak dening wang,
mesat kang dinuta glis, sarya tur jarahan,
wus prapta jroning kitha, dumrojog ngarsanira Mir,
duta punggawa, katur sahaturneki.

– Lamun luput Kistaham balane rusak,
punggawa kyeh ngemasi, tuwin kang kajarah,
dene Raja Kistaham, ingupados tan kapanggih,
paran ing karsa, ngandika Jayengmurti.

– Heh balia duta ingsun anarima,
gustimu sun timbali, bali mring jro kitha,
duta tur sembah mesat, datan kawarna ing margi,
prapteng nggenira, Lamdahur wus apanggih.

– Dhinawuhken satimbalane wong Menak,
sigra nateng Serandil, budhal saha bala,
kondur marang nagara, gancanging carita prapti,
sajroning kitha, wau Sang Jayengmurti.

– Duk siniwi dening para raja-raja,
Lamdahur praptaneki, marek atur sembah,
sumungkem dalamakan, winaruhaken tumuli,
lan ingkang paman, Prabu Sahalsah nenggih.

– Alamdahur kang badhe tumut saparan,
umiring Jayengmurti, lan putra Sahalsah,
Raden Jibul kang nama, dene kang tengga Serandil,
Prabu Sahalsah, punggawa pinara tri.

– Wolung ewu bupati ingkang pinatah,
milya Lamdahur ngiring, mantri kawan leksa,
wadya lit kang sayuta, bupati pinatah malih,
rong ewu ingkang, milya Jibul angiring.

– Mantri ingkang saleksa wadya lit ika,
mung binaktan sakethi, liyane punika,
samya tengga nagara, Sahalsah kang misesani,
wusnya mangkana, undhang Sang Jayengmurti.

– Arsa kondur marang Medayin nagara,
Prabu Sahalsah nenggih, ngaturi boyongan,
pawestri kawan nambang, lawan rembatan sakethi,
wus kinen mawrat, aneng pinggir pasisir.

– Peni-peni raja peni guru bakal,
kalawan guru dadi, winot ing baita,
lan liman kawan dasa, kang badhe katur narpati,
tur pipilihan, samya geng anglangkungi.

– Dyan tengara Wong Agung sabalanira,
budhal saking Serandil, samarga kasukan,
sinaosan cangkraman, cinatur ing limang ari,
lampahnya prapta, numpak pinggir pasisir.

– Pan gumuruh kang samya rebat baita,
sagunging pra narpati, ewon cinarita,
aplwa awarna-warna, wus samya binagi-bagi,
kang para nata, wus numpak ing jaladri.

– Enengena wahu kang lagya lalampah,
kalan Jayengmurti, ya ta kawarnaa,
lampahira Kistaham, mentas saking Jalanidhi,
pan sampun prapta, ampeyaning Medayin.

– Sang Kistaham laju denya manjing kitha,
sang Prabu Nyakrawati, nuju siniwaka,
kagyat ing praptanira, Kistaham marek ngarsa ji,
lan putra kapat, risak wadyanireki.

– Marek nembah Kistaham neng ngarsa nata,
Sri Nusirwan lingnya ris, heh Kistaham sira,
prapta ing ngarsaning wang, cingak sagunging para ji,
de langkung risak, Kistaham awot sari.

– Ing Serandil pukulun pan sampun bedah,
dening pun Jayengmurti, kala wiwit aprang,
awrat sang rajeng Selan, andina denira jurit,
pan tigang wulan, sagung bala nata Mir.

– Denira prang pan sami sadina sowang,
Kalana Jayengmurti, prang pitulas dina,
tan wonten kang kasoran, nunten wekasaning jurit,
sang Rajeng Selan, kapikut ing Sang Amir.

– Rajeng Selan ingundha-undha neng tawang,
nunten binanting siti, pan lajeng binesta,
Lamdahur pinanjara, anunten pun Ambyah keni,
racun kawula, lajeng pejah pun Amir.

– Balanipun ngungsi kitha kula rempak,
Lamdahur lami-lami, ucul panjaranya,
pan lajeng ngamuk krura, balamba kathah ngemasi,
ingkang katiban, gada luluh sirna nting.

– Yen sampuna kawula awor ing kumpra,
tiwas badan puniki, lir danawa sasra,
tandange rajeng Selan, tan wonten gagap basuki,
wadya punggawa, mantri kawula sami.

– Kang katiban ing gada luluh wor kisma,
mila kawula aglis, ngriyini lumajar,
anunut ing nangkoda, pukulun pun Jayengmurti,
estu pejahnya sang Nata duk miarsi.

– Nulya kondur wau marang dhatulaya,
myang sagunging para ji, satriya punggawa,
wus bubar mantuk samya, misuwur wartanireki,
gumyah wurahan, nagari ing Medayin.

– Ing praptane nenggih Sang Raja Kistaham,
yen Ambyah angemasi, kagyat Sang lir Retna,
sigra denya utusan, mring pijajar taken warti,
dora tuhunya, Betaljemur amangsit.

– Mring pawongan kinen matur mring Sang Retna,
dora ingkang pawarti, ing mangkya wus budhal,
saking nagari Selan, lagya aneng ing jaladri,
sang dyah myarsa, sirna prihatin brangti.

V. RETNA MUNINGGAR BADHE KADHAUPAKEN KALIAN PRABU OLAD MARJABAN

ASMARADANA

– Kuneng wau kang winarni,
pulunanira sang Nata, ing Bangit pan kedhatone,
sang raja Olad Marjaban, dadya sanaking sanak,
lawan sang Kusumaning Rum, dhasar ta pinacang-pacang.

– Duk maksih samya babayi,
Muninggar Olad Marjaban, ginadhang jatukramane,
ing mangkya kalang-kalangan, ing karsa Sri Bathara,
kinarya gancaranipun, bedhahe nagari Selan.

– Lamun tinumbas upami,
gunung emas pitung dasa, intene rong puluh genthong,
Sri Nusirwan datan suka, siji lamun tinumbas,
murdaning Prabu Lamdahur, bedhahe nagari Selan.

– Mangkana wau miyarsi,
sang Prabu Olad Marjaban, sedane Jayeng Palugon,
tumpes aneng nagri Selan, nulya seba kang paman,
Olad Marjaban nunuwun, panggihe Retna Muninggar.

– Dening Ambyah wus ngemasi,
anuwun sidaning karya, Sri Bathara enjang miyos,
supenuh kang para nata, punggawa myang satriya,
patih Bestak kang tinantun, mothahe Olad Marjaban.

– Patih Bestak awotsari,
inggih aluhung panggihna, benjang gampil masalahe,
upami pun Ambyah gesang, mangsa kirang pawadan,
wasesa wonten pukulun, ing warti pan sampun pejah.

– Dadya wau Sri Bupati,
anut ing ature Bestak, ingundhangan para katong,
saosa lire dandanan, busanane kawarna,
amamajang ngalun-alun, angrerengga panangkilan.

– Miwah lurung-lurung sami,
prasamya pinajang-pajang, pinara tri para katong,
saduman anambut karya, wismeng Olan Marjaban,
rinengga kinendhung-kendhung, pinindha langening swarga.

– Kuneng kang anambut kardi,
ngrengga langening praja, kang bade among panganten,
wau ta Sang Kakunging Rat, kang maksih neng lautan,
lan sawadya para ratu, kalangen aneng samodra.

– Apan ta kang juru malim,
buyut Wiri Galuh ika, angreh juru malim kabeh,
urunan kang saking Selan, sira Prabu Sahalsah,
angateraken ing laut, angaturi pacangkraman.

– Seranging gunung Serandil,
klangenan saptari ngarga, anulya laju lampahe,
sumeranging Pulo Bayan, serani kalangenan,
parentah Sang Jayengpupuh, maring ing Prabu Sahalsah.

– Pulo kinen anenggani,
dadiya kang pacangkraman, wong rong atus somah bae,
gajihen satus sawulan, kinen ngreresikana,
rumeksa ing tanem tuwuh, dadya bandar pangampiran.

– Kang pulo mari awingit,
kambah ing wong dagang layar, miwah sagung para katong,
kang lalampah ing lautan, kendala acangkraman,
sinungana dalem agung, sandika Prabu Sahalsah.

– Wong kang juru ngreresiki,
ngupa rengga pulo Bayan, anulya lajeng lampahe,
prapteng muara ing Nistan, Sagarji wus katinggal,
Sahalsah wus kinon wangsul, mantuk marang nagri Selan.

– Tur sembah ngaras pada Mir,
wangsul sang Prabu Sahalsah, wus mitungkas mring putrane,
sira raden Jibul lawan, kang putra kapenkan,
sira sang Prabu Lamdahur, kinen sumungkem ing karya.

– Palwa tigang atus milir,
wangsul mantuk marang Selan, Wong Agung Menak lampahe,
lajeng mring muareng dara, Sagarji ingampiran,
bandar agung Wiri Galuh, Ki Buyut dhingini mentas.

– Umentas sang wireng jurit,
lan sawadya para nata, umung gumuruh swarane,
Ki Buyut anak putunya, methuk sesegahira,
katur mring Sang Jayengpupuh, entyarsanira umiyat.

– Samya ginanjar retna di,
myang busanane kawarna, Ki Buyut anak putune,
wus samya sugih sakala, sawusnya masanggrahan,
sira Sang Pramodeng Satru, neng pinggir pasisir aglar.

– Dhandheng nut tepining kali,
andher muwara pamengkang, pasanggrahaning pra katong,
kasub ampeyaning praja, dhusun paminggir kitha,
lepasing carita katur, gumyah sajroning nagara.

– Kalamun Sang Jayengmurti,
ing mangke kawarta gesang, sampun prapta sabalane,
lan boyongane akathah, Lamdahur mangkya milya,
Raja Kistham angrungu, lolos sak anak rabinya.

– Balane kathah angiring,
kang dadya siring wardaya, sumedya mring nagri Kaos,
kang binadhe srayaning prang, ratu agung prakosa,
sugih bala para ratu, punggawa tanpa wilangan.

– Paparab sang Prabu Jobin,
kuneng lampahe Kistaham, kang nedya mring nagri Kaos,
sira sang Prabu Nusirwan, enjing miyos sineba,
patih Bestak munggeng ngayun, Betaljemur keringira.

– Ngendika sri Narapati,
Bestak paran karsanira, dene warta iki akeh,
endi patut ginuguwa, tur sembah Patih Bestak,
ingkang sayekti pukulun, pun Ambyah estu palastra.

– Sumawi nuntena panggih,
putra tuwan Sang lir Retna, lan pun Olad Marjabane,
upami tuwan panggihna, inggih lawan pun Ambyah,
dene anak wong dudukuh, mendah si ucaping jana.

– Kinen anantun sang putri,
pinanggihken sapunika, Sang Retna langkung rengune,
tansah sinereng ing rama, dadya prihatin ing tyas,
kamadaka aturipun, antosna sawulan engkas.

– Wiwahanen awak mami,
lawan pun Olad Marjaban, ing mangke nuwun dukane,
rama prabu yen upama, paripeksa maring wang,
pira larane wong lampus, angur si suduka jiwa.

– Ciptana Sang Raja Putri,
wartane kurang sawulan, Wong Agung ika praptane,
kang andon aprang mring Selan, dhuh Hyang Latawal Ujwa,
enggalena praptanipun, pangeranku Jayenglaga.

– Ing latri pantara ari,
Sang Retna tyasnya wiyoga, kagagas tanbuh driyane,
yayah manguneng ing nala, gantya malih winarna,
wong menak kang akukuwu, lan wadya kang para nata.

– Munggeng karsaning udadi,
lam-lam kalangen muara, ing Sagarji padhusune,
kusuma lesmining pura, Wong Agung ngecani tyas,
ya ta wau kang winuwus, raden pothet Umarmaya.

– Samana miyarsa warti,
lamun Medayin nagara, owahing patembayane,
sida karyaning wiwaha, lawan Olad Marjaban,
pan mangkya meh panggihipun, lan sang dyah sekaring pura.

– Marang pakuwon Serandil,
Lamdahur wus binisikan, anulya sareng lampahe,
tan mawi bala satunggal, Marmaya kang sinedya,
marang pasanggrahanipun, sang raja Olad Marjaban.

– Aminda wong kaki-kaki,
Raden pothet Umarmaya, kalung kendhang barang nggerong,
lepas wau lampahira, kontap manjing jro kitha,
siningidaken Lamdahur, neng jawining pasanggrahan.

– Ing enggen langkung adhemit,
iku Marmaya mbabarang, kasup yen sanget cucude,
dadya katur ing sang Nata, prabu Olad Marjaban,
tinimbalan prapteng ngayun, kaki ngendi omahira.

– Kawula tiyang pasisir,
padhekahan Ujungtawang, mila mbabarang sang katong,
dening kawula miyarsi, meh karya padukendra,
adat wateke wong Agung, remen dhateng tatanggapan.

Manggut sang Nataing Bangid,
iya kaki bener sira, pan wus jamaking panganten,
anyar remen tatanggapan, kinarya nglipur ing tyas,
heh kaki sapa aranmu, kawula pun Sambanglena.

– Nulya wau kinen wiwit,
duk tumindak gumyak-gumyak, gumrah guyune wong nonton,
sang Nata kalangkung suka, wong iki yen lelewa,
memper Marmaya karuhun, kacek anom lawan tuwa.

– Nutug denira menyanyi,
lewane metu sadaya, kasaput ing dalu mangke,
bubare lajeng pamitan, ingandheg datan kena,
enjing kewala ngong wangsul, yen paduka ayun suka

– Kawula bektane ugi,
kang luwih saking kawula, ing suka paduka katong,
wonten si tapel kawula, punika wus anjilma,
dedegipun geng aluhur, sakarsa tuwan katekan.

– Saged beksa pindha jalmi,
molah tur sugih lelewa, raja Olad lon delinge,

ya kaki sira nggawaa, tapelmu benjang-enjang,
Sambanglena pamit mundur, sapraptanira ing jaba.

– Mesat prapta nggenireki,
Lamdahur kang sisingidan, nulya sinalin warnane,
ongga winungkus daluwang, wingyane Umarmaya,
kang tapel daluwang banyu, kasaban kang dalamakan.

– Lamdahur den bibisiki,
mengko yen ana ngarepan, sun maraa age,
aja sira bisa ngucap, amung megol-megola,
lamun wus parek sireki, lawan si Olad Marjaban.

– Nuli cekelen den aglis,
banjur gawanen lumajar, Lamdahur mesem saure,
lan iya sakarepira, iku caraning apa,
gelar kaworan calimut, dudu jamaking satriya.

– Ajulig temen sireki,
pothet yen amawa akal, teka gendhingmu mangkono,
saksana enjang lumampah, kalih wus prapteng ngarsa,
Olan Marjaban andulu, kalangkung sukaning driya.

– Pan lajeng kinen menyanyi,
duk tumindak gumyak-gumyak, langkung sukanya sang katong
miyat panggerong cucudnya, kang mindha gung malumpat,
marang pundhake Lamdahur, megol-megol solahira.

– Langkung sukanya ningali,
punggawa mantri sadaya, kang samya ngadhep gustine,
sang Prabu Olad Marjaban, senggak acukakaan,
ciptane dadya panglipur, benjang yen panggih Sang Retna.

– Wadya gung alit ing Bangid,
akeh lali tanpa nadhah, kacaryan denira nonton,
ki Sambanglena mring ngarsa, matur lah timbalana,
inggih pun tapel puniku, saged marek cara jalma.

– Ngandika sang Nateng Bangid,
heh tapel sira mreneya, Lamdahur gya megol-megol,

Sambanglena gya malumpat, menyanyi marang pundhak,
ngiwa nengen denya gambuh, entyarsanira sang nata.

– Tanbuh sukanya ningali.
lan kirag-kirig tapelnya, anggung ngancikan sirahe,
dupi parek lan sang Nata, medhun ki Umarmaya,
neng keringira Lamdahur, mangsit ing yudakenaka.

VI. SANG AMIR DUMUGI MEDAYIN

PANGKUR

– Prabu Lamdahur gya nyandhak, wangkingane sira sang nateng Bangid,
sinendhal ing astanipun, senggak sarwi susumbar,
iki silih rupane Prabu Lamdahur, narendra teka ing Selan.
widigdaya ing ngajurit.

– Umarmaya sumbar-sumbar, iki silih rupane Guritwesi,
saking Ngarab sangkanipun, kagyat sareng tumingal
wadya Bangid gegere kadya pinusus, tan ana mangga puliha,
ajrih kekes samya miris.

– Wus kesah ki Umarmaya, Alamdahur bekta sang nateng Bangid,
akathah sasambatipun, nanging tan bisa polah,
munggeng asta kiwa lir nggarap kukupu, kang tengen angundha gada,
kadya yangywang wukir siwi.

– Lamdahur sun uripana, sasambate sira sang nateng Bangid,
anyentak Prabu Lamdahur, heh Bakan wis menenga,
yen carewet ingsun banting mengko remuk, samarga amelas arsa, tangise sang nateng Bangid.

– Lamdahur yen sun uripa, lah alapen keraton nagri Bangid,
lawan mari ngarah ingsun, marang Retna Muninggar,
ya ta wau gegere kadya pinusus, wong Medayin samya gumyah,
salah tampining pawarti.

– Mangkana gumyahing bala, yen Lamdahur prapta angirid baris,
arsa gecak ing Medayun, bubujung mring Kistaham,

abusekan Medayin kang para ratu, samya tutup lawang kitha,
wong wadon ngili jro puri.

– Wau ta sang rajeng Selan, katupiksa mamang duteng Medayin,
ingkang maspadaken laku, yen wong roro belaka,
sampun sirep gegere nagri Medayun, nulya kasundhul ing warta,
yen prapta sang Jayengmurti.

– Nusirwan undhang siyaga, arsa methuk marang Sang Jayeng-
murti,
wau lampahe Lamdahur, kalawan Umarmaya,
sampun prapta ngarsanipun Jayengpupuh, Olad Marjaban
binekta,
katur marang Jayengmurti.

– Ngandika Sang Kakunging Rat,
iku sapa ingkang sira taleni, Umarmaya sru umatur,
badhe mantu narendra, owah-awih Nusirwan Medayin tanu,
inggih pun Olad Marjaban, ngandika Sang Jayengmurti.

– Apa margane binanda, sampun katur mula bukanireki,
sukeng tyas Sang Jayengsatru, sigra kinen menjara,
tinampanan marang Umarmadi sampun, wong Kohkarib kang
rumeksa,
lalaran sang nateng Bangit.

– Undhang sagung para nata, lamun arsa budhal Sang
Jayengmurti,
tumameng kitha Medayun, gumrah samya sanega,
sutanira roro buyut Wirigaluh, suwita kinadang-kadang,
mring Wong Agung Jayengmurti.

– Wus budhal sagung gagaman, ingkang munggeng ngarsa
wadyeng Serandil,
ginelak kang baris agung, prapta jawining kitha,
sira Prabu Nusirwan sawadya methuk, lawan sagung para raja,
ngurmati Sang Jayengmurti.

– Duk katingal kang gagaman, undhang piyak tedhak Sri

Narapati,
Sang Kakunging Rat tumanduk, manembah ngaras pada,
Jayengmurti ingaras lungayanipun, Nusirwan langkung la-ala,
pangandikanira aris.

– Heh Ambyah ingsun tatanya, duk Kistaham matur yen sira mati,
ngong banget ing susah ingsun, tan antuk nadhah nendra,
amung sira kang dadi wode tyas ingsun, Kistaham mengko wis lunga,
ucul saking asta mami.

– Banget wirange maring wang, Jayengmurti nuwun aris tureki,
ing sih paduka pukulun, saestune kalingga,
ing mustaka pejahe Sang Jayengpupuh, tumangguh ngayahan tuwan,
lebura den kadi siti.

– Datan suminggah ing karya, tumbukena ing mungsuh pirang kethi,
den kadi akasa tedhuh, lir ning nguda di pasang,
tan gumingsir suwiteng ngong rempak-rempu, lebura apulang kisma,
dasihe nanggulang jurit.

– Wusnya sareng denya budhal, pan tumameng jro kitha ing Medayin,
Jayengmurti kinen laju, mring pasanggrahan lama,
ingundhangan para nata ing Medayun, andina-dina sesegah,
mring wong ngagung Jayengmurti.

– Miwah kang saking sang Nata, datan pegat sahari kaping kalih,
paring dhaharan lumintu, pan kocaping carita,
wusnya caturi mantun ingkang susuguh, kang saking para nata,
kang maksih saking jro puri.

– Mangkana wau sang Nata, animbali Patih Bestak ing latri,
gunem aneng jro kadhatun, heh patih kaya paran,

ing ature iya bapa Betaljemur, sun kinen amaringena,
iya nini Muninggar Rim.

– Rehning wus dadi ubaya, aywa kongsi nembung si Jayengmurti,
patih Bestak nembah matur, nuwun pada Bathara,
langkung nistha paduka pan ratu agung, amundhut mantu wong papa, ing jana sru nanampuri.

– Makaten andika tuwan, yen tinagih dhateng Sang Jayengmurti,
endi murdane Lamdahur, ingkang dadi ubaya,
kang minangka tutukone nini Galuh, ing mengko misih uripan,
nora cidra saking mami.

– Wewelaning jatukrama, dereng wektu panggihira sang putri,
dadya kadhahar turipun, anut tingkahe Bestak,
pasthining Hyang lamun badheya rahayu, atur becik kang dhinahar,
kang nglestarekken ubanggi.

– Ingaturan kamandaka, teka nurut buwang atur kang becik,
ujwalaning ratu agung, yen badhe karisakan,
sasar-susur atur ala kang ginugu, mangkana wus gagat siyang,
miyos prabu Nyakrawati.

– Supenuh mantri punggawa, myang satriya andher para narpati,
sira Menak Jayengsatru, sampun lunggweng wijoan,
munggeng wurinira Marmadi Lamdahur, satriya ing Tambakretna,
jajar lan Umarmayeki.

– Ratu kembar kawandasa, samya ngayap lawan satriya mantri,
ingkang winisik ing laku, dyan pothet Umarmaya,
umatura neges karsanta Sang Prabu, sigra wau Umarmaya,
wus anggangge sarwa kuning.

– Menthek-menthek Umarmaya, marek ngarsanira Sri Narapati,

awor lan wong ngampil kebut, ngandika Sri Bathara,
Umarmaya umarek ana gagemu, ki pothet maluya-luya,
tur sembah nuwun kinanthi.

VII. RETNA MUNINGGAR DIPUN WARTOSAKEN SEDA

KINANTHI

– Amba ingutus umatur, ing sutanta Jayengmurti,
paran ing karsa narendra, lestarine kang ubanggi,
panggihe Sang Retnaning dyah, inggih punapa inganti.

– Sri Nusirwan ngandika rum, Marmaya wruhanireki,
pan dhingin ubayaningwang, sutaningsun nini putri,
iya tinuku weng murda, murdane rajeng Serandil.

– Katura neng ngarsangingsun, esuk sun panggihken nuli,
iku ta maksih uripan, dudu cidra saking mami,
umatur ki Umarmaya, apan nagari Serandil.

– Bedhah dening Jayengpupuh, ratune banjur angabdi,
pan sampun angsal ubaya, bedhahe nagri Serandil,
sampun mantun dadiya mengsah, pasti yen angsal ubanggi,

– Marmaya sru aturipun, kapyarsa sagung narpati,
denira diya-diniya, lawan prabu Nyakrawati,
ya ta Lamdahur miyarsa, medhun jog marek sarya ngling.

– Heh Sang Ratu ing Medayun, aywa ngengeseli kuping,
sira ratu binathara, teka karya basa sandi,
angamada keng ubaya, lamun nedyaa sayekti.

– Sanadyan anaa sewu, kang kadya ulun puniki,
pasthi gustiningsun Ambyah, ngaruken ing paduka ji,
nanging ta sok sayektiya, panggihe Sang Raja Putri.

– Wong Menak myarsa tumungkul, tembunge nateng Serandil,
sigra wau Patih Bestak, juru tuwak den kejepi,
puniku wong pipilihan, ingebang pinaring putri,

– Sawadyane Jayengsatru, samekteng tyas tan katawis,
Patih Bestak sigra senggak, payo apa kang den anti,
juru tuwak gya mangrepak, pedhang liniga kinempit.

– Arsa ngayati sinambut, pedhange rinebut keni,
juru tuwak gya tinepak, mukanya syuh awor siti,
maledug polo ngelalar, ngandika sang Jayengmurti.

– Si Bestak cekelen gupuh, sigra Marmaya nglumpati,
Patih Bestak wus cinandak, pan sampun dipun taleni,
geger sagung kang sewaka, punggawa para narpati.

– Marlesus kadya pinusus, sri Narendra manjing puri,
tangkep korine pamengkang, wau ta ing pancaniti,
mung kari sawadyanira, kalana Jayadimurti.

– Wadya Medayin maledug, tan anaa tolih gusti,
ki Patih Bestak anulya, jinungkelaken ing siti,
sinered tur jinejekan, marang ki Umarmayeki.

– Jinotos marang Lamdahur, Bestak kalenger tan sipi,
Prabu Marmadi andugang, Mali Kustur anampiling,
raja Durdanas anyepak, Maliritma anggitiki.

– Raja Adarsi anggebug, Ardisamat nyametheni,
Raja Durdanam anjambak, Barubiksun angakahi,
cangkeme kebak dinulang, tinjaning unta lan kuldi.

– Wong Menak welas andulu, mangkana kinen nguwisi,
Patih Bestak ngathang-athang, tinilar ing pancaniti,
kondur lan sawadyanira, makuwon Sang Jayengmurti.

– Nulya pinaran pinikul, Bestak mring wadyanireki,
prapteng dalem tinangisan, ing garwa myang para siwi,
antara ing pitung dina, patih Bestak den timbali.

– Ginotong marang kadhatun, pan dereng saged lumaris,
prapteng ngarsa Si Narendra, Nusirwan ngandika aris,

Bestak iki kaya paran, sun panggihken putra mami.

– Tan bisa madoni ingsun, iya mring si Jayengmurti,
jer kalah ubayaning wang, bedhahe nagri Serandil,
patih Bestak matur nembah, adhuh sampun-sampun gusti.

– Apes sapangandhapipun, amundhut mantu wong cilik,
wong Mekah trahing kurekah, wong miskin bebet nulari,
ngapesken kang panjenengan, maksih kathah akal gusti.

– Sanadyan wontena sewu, nyawane pun Jayengmurti,
pan telas dening kawula, boten susah amerangi,
benjing putri padukendra, tuwan singidna kang dhemit.

– Ing jawi dipun misuwur, sedane Sang Raja, Putri,
nunten tuwan mejahana, satunggal wong nini-nini,
tuwan trapken neng bandhusa, den kadi putri ngemasi.

– Yen miarsa Jayengpupuh, sayekti pejah pribadi,
saking sanget brongta ngarang, ing gusti Sang Raja Putri,
sang Nata langkung karenan, miyarsa aturing patih.

– Nulya siningidken sampun, neng gedhong langkung piningid,
tan ana ingkang uninga, nadyan mban inyatan uning,
nulya mejahi Sang Nata, parekan tuwa sawiji.

– Dhinemit pangulesipun, ginumyahkan Raja Putri,
yen palastra suduk jiwa, saking tyas susah miyarsi,
denira salayeng karsa, Sang Nata lawan Sang Amir.

– Mangkana ing enjangipun, Patih Bestak wis kinethik,
punggawa tan ana seba, samya mring kubur akardi,
kulawat saosanira, makame Sang Raja Putri.

– Wuwusen Sang Jayengsatru, sawadya mangkat anangkil,
sapraptanireng pasowan, kapanggih mamring asepi,
amung jro pura gumerah, amung swarane kang tangis.

– Tatanya sang Jayengsatru, mring wong tunguk pancaniti,
puniki wonten punapa, Sang Nata datan tinangkil,
jro pura tangis gumerah,umatur inggih Sang Putri.

– Palastra ing wau dalu, kang rama langkung prihatin,
dening ta putri kang tuwa, kang dadya wode tyas neki,
dupi wau amiyarsa, kalana Jayadimurti.

– Sumingep panon sumaput, makuthanira binanting,
sinuwek-suwek kacenya, kawaca sinebit-sebit,
kadya wong kunjana papa, luhnya dres langkung awingit.

– Para nata wadyanipun, samya belani prihatin,
tan ana kang bisa mulat, ing gusti kunjana kingkin,
pan amung ki Umarmaya, ewa tan tumut anangis.

– Lawan sang Prabu Lamdahur, anjetun tan bisa nangis,
piye miyat solahira, pawongan kang wira-wiri,
manjing medal saking pura, pra samya lara anangis.

– Umarmaya mesem muwus, heh sang Prabu ing Serandil,
pa gene njetung kewala, wong Menak iku prihatin,
sira tan milu karuna, dawa gung kau sireki.

– Nahuri Prabu Lamdahur, kakang sun tan bisa nangis,
Umarmaya wuwusira, yen sira rep bisa nangis,
nyempala wringin sakepang, sungginen bari sisirig.

– Tinurut anyempal gupuh, pang wringin nulya sinunggi,
gumer kang samya tumingal, wong menak wuwusnya runtik,
Umarmaya liwat ala, ingsun wong lagi prihatin.

– Pijer songganan sireku, Umarmaya turireki,
lah inggih wonten punapa, boten wonten buta sisig,
pan amung lagi paduka, keneng gelare sikapi.

– Wong Menak lingira asru, lah mongsa doraa ugi,
mantri kang tungguk sadaya, padha ture sun takoni,
wong pat belas atus samya, siji tan ana kang nilib.

– Lan tangis umyang kadhatun, kongang ta dudu papati,
kuneng kang diya-diniya, kasaru bandhusa mijil,
sira Bathara Nusirwan, tedhak umiring mring jawi.

– Saha tangis lir anga rug, ing kanan kering Sang Aji,
tuwin ing wuri-wurahan, kagyat Sang Wiradimurti,
sigra tumut sawadyanya, mring kubur ngiring Sang Aji.

– Samarga-marga rawat luh, sira Sang Jayadimurti,
jinawil mring Umamaya, mbok inggih sabil ing galih,
sampun paduka mimirang, salagi dereng sayekti.

– Langkung saking nisthanipun, tinon ing para narpati,
ngrisak wanunging satriya, paduka wong agung luwih,
wau lampahe Sang Nata, ing kubur pan sampun prapti.

– Layon tinurunken sampun, sigra Nusirwan pribadi,
kang manjingaken kaluwat, pawongan pra samya anjrit,
satriya Murtining Yuda, saput tyas luhnya dres mijil.

VIII. SANG AMIR NGENGLENG, LAJENG PRIKSA BILIH SANG PUTRI TAKSIH SUGENG

MIJIL

– Panti nahen tyasira merangi, miyat ing Sang Katong,
sampurna wus ngurugan layone, sigra kondur Prabu Nyakrawati,
kang kinen nenggani, mantri patang puluh.

– Prapteng pura Prabu Nyakrawati, Sang Jayengpalugon,
masanggrahan sawadya balane, sapraptaning pakuwon Sang Amir,
anibeng guguling, wimbuh ing tyas kambuh.

– Nahanta ingkang kunjana kingkin, warnanen Sang Katong,
prapteng pura animbali age, Patih Bestak waluya wot sari,
ngandika narpati, bener pakartimu.

– Sun watara si Ambyah sanget gring, kaya temah layon,
nora bisa anahen wuyunge, makutha wus remuk kawaceki,
wus sinebit-sebit, kakacene ajur.

– Sawang ulat lir gering tri warsi, ing panduganing ngong,
kaya kari nem dina umure, Patih Bestak ngguguk awot sari,
kantun kalih latri, emben pejahipun.

– Datan usah paduka merangi, gumujeng Sang Katong,
nanging siji patih pakewuhe, putraningsun Ni Kusumeng Puri,
mati Jayengmurti, mbok nek temah lampus.

– Sun tari lyan tan ana nujoni, sagung para katong,
mung si Ambyah kenthele atine, Patih Bestak umatur wot sari,
wulang sasar gusti, senenge wong dukuh.

– Mongsa kiranga trah ratu luwih, kang mengku keprabon,
pijer seneng trahe wong mancore, langkung sasar kadya ta dhinesthi,
ularna jajampi, mulyane tyasipun.

– Kawula tur pacangan prayogi, ratu gung kinaot,
Ambyah kantun saparibawane, myang baguse ing prang sura sekti,
pun Ambyah kajodhi, anak wong ndhudhukuh.

– Kuneng kang gunem aneng jro puri, wau winiraos,
Jayengmurti aneng pakuwone, tyasnya mesi wiyoga mranani,
kagagas ing nggalih, solahe Sang Prabu.

– Yen estua palastra sang Putri, retnaning kadhaton,
pasthi ana titi antarane, marang ingsun pasthi maripeni,
dene sepa-sepi, jro panendran suwung.

– Yen dudua mokal Sri Bupati, umaringna layon,
dadya ewuh tyas ingsun yektine, temah wimbuh supe dahar guling,
kabyatan geng kingkin, anggung amangun kung.

– Sun tetedha Hwang Kang Maha Suci, Kusumeng Kadhaton,
yen palastra mripenana bae, pasthi dasihe anglayoni,
benjang neng yomani, karoron mas ingsun.

– Amundhuta murdaning narpati, den kebek kadhaton,
tan gumingsir nyaosi dasihe, akarang abang keh turonggesthi,
kawula labuhi, ruging arga sewu,

– Patembayene Sri Narapati, mangkya wus kalakon,
amikuta Lamdahur yudane, lan bedhahe nagri ing Serandil,
pasang ketang nguni, pinanggihken ingsun.

– Lan kang mindha markata sabumi, kang akarya lamong,
pan kasaru wauta praptane, satriya Tambakretna lan malih,
Arya Guritwesi, katiga Lamdahur.

– Angandika menak Jayengmurti, Maktal ariningong,

kaya paran ing jaba wartane, nembah matur putreng Ngalabani,
kawula miyarsi, duk ing wingi dalu.

– Pun apatih Bestak manjing puri, sadalu tan miyos,
enjingipun maketen dadose, Umarmaya matur anambungi,
amung awak mami, pakarya puniku.

– Pan kawula naliti ing warti, ing karya wawados,
sosongaran si kapir larute, Umarmaya sigra denya mijil,
lan nateng Serandil, nedya marang kubur.

– Marga pidulur lawan wong ngirim, saking jro kadhaton,
pan sepuluh jodhang sadinane, pawongan roro ingkang angirid,
nulya den pedhangi, mring Umarmayeku.

– Kang amikul jodhang sadaya jrih, pan samya ndharodhog,
datan purun tinggal pikulane, pawongan kalih gya den dhedheli,
busanane sami, wus angangge sampun.

– Umarmaya lanateng Serandil, amindha wong wadon,
lajeng marang ing kubur lampahe, saisining jodhang den carubi,
winor darubesi lajeng prapteng kubur.

– Kang kinirim sagung para mantri, sukeng tyas duk anon,
winetokhen sining jodhang kabeh, wus pinangan dening para mantri,
keneng darubesi kabeh kabarubuh.

– Anggulinting sawiji tan kari, patang puluh katong,
gya dhinudhuk wau bandhusane, wus pinanggul ing Nateng Serandil,
kalih samya mulih, tan kawarneng ngenu.

– Sampun prapta ing ngarsanira Mir, Marmaya turnya lon,
lah puniki ungkabana age, punapa ta inggih raja Putri,

dyan kinen ngungkabi, marang para ratu.

– Tiningalan yen wong nini-nini, sampun kempong perot,
samya gumer kang umiyat kabeh, Umarmaya asru turireki,
lah inggih puniki putri ing Medayun.

– Kang peparab Retna Muninggari Rim dene kongsi kempong,
Jayengmurti langkung pangungune, rong pandurat datan bisa angling,
anglengger tan sipi, runtik ciptanipun.

– Patih Bestak pinanduking runtik, witing karya linyok,
luwih teman si Bestak akale, nggonira mrih karusakan mami,
lan antinen benjing, Bestak antakamu.

– Tan kawuwus saputing Hyang Latri, byar Hyang Arka miyos,
Jayengmurti lan para ratune, siyaga nangkil mring pancaniti,
Prabu Nyakrawati, wus mungging binatur.

– Aglar sagung satriya dipati, andher para katong,
Jayengmurti prapta kari dhewe, sampun lenggah wijoan mas adi,
sadangune prapti, tansah nolih pungkur.

IX. PATIH BESTAK BADHE DIPUN BANTING DENING SANG AMIR

PANGKUR

– Pan amung ki Patih Bestak, kang den lirik marang Sang Jayengmurti,
mudhun jog sigra tinubruk, cinekel tan bisobah,
sarya matur asru marang Sang Aprabu, pun patih leng pinejahan,
angrurusuhi nagari.

Akarya sangaring jagad, karya linyok culika ngliliwati,
kadya punapa pukulun, prayogi pinejahan,
dimen enggal waluya nagri Medayun, amba bantinge bantala,
dimen luluh awor siti.

– Gumeter Kya Patih Bestak, miyat sanget duka Sang Jayengmurti,
alon denira umatur, angger dipun pariksa,
pan kawula tinodhi ramanta prabu, pirembagan jroning pura,
pangandikane rama ji.

– Heh Bestak apa temena, Jayengmurti tresna mring nini putri,
apa ta sih prapteng kalbu, makaten tur kawula,
yen suwawi tinondha kayektenipun, paduka amejahana,
inggih pawestri satunggil.

– Tuwan awatna Sang Retna, yen miyarsa putranta Jayengmurti,
pasti ngening yekti ngriku, yen tresna trusing driya,
pasti sanget prihatin among kung wuyung, mila nunten linampahan,
rama paduka aji.

– Ing mangke wus kayektosan, paduka asanget brangta kingkin,
yen tan piyandel pukulun, matura ing ramanta,
Patih Bestak angucap mring Marmayeku, sun luwara dening sira,
ngong angsung dinar sakethi.

– Jayengmurti mengo ngarsa, ngandika lon ang Prabu Nyakrawati,
bener iku putraningsun, ature si Apatya,
ingong tari akarya tandha lalampus, amet katemenanira,
mring arinta nini putri.

– Sareng ture Umarmaya, lah den aris punika pan sayekti,
wong tinantun gustinipun, matur akarya tandha,
sru ngandika kalana Anjayengsatru, tan wruh ingsun iya Bestak,
nadyan singidan ugi.

– Ajur sira ngastaning wang, Umarmaya matur angasih-asih,
punapa duka bendu, aran pun patih nyata,
dipun tantun dhateng ramanta sang Prabu, anandha tuhu paduka,
mesem Sang Prawireng Jurit.

– Kondur sang Nata ngadhatyan, apan maksih supenuh kang nangkil
pawongan kakalih wangsul, dhawuhing Patih Bestak,
sira kinen akarya tatarub agung, sang Prabu arsa miwaha,
karyane sang raja putri.

– Kya patih matur sandika, suka myarsa wadyane Jayengmurti,
saksana bubar sadarum, sagunging kang sewaka,
Jayengmurti lan sawadya para ratu, prapteng pasanggrahanira,
nginum lan sagung narpati.

– Apanta sadina-dina, Jayengmurti bujana lan para Ji,
marma tan surud sihipun, sagunging para raja,
pan sabaya pejahira sabiyantu, kuneng sang Prabu Nusirwan,
dalu animbali patih.

– Prapteng byantara narendra, angandika Sang Prabu Nyakrawati,
heh patih paran budimu, sun panggihaken uga,
Nini Putri iya lan si Jayengpupuh, yen ta aywa na turira,
dhingin mula wus apanggih.

– Matur nembah Patih Bestak, adhuh sampun maksih wonten kang kari,
gelar kawula pukulun, ing mangke nagri Yunan,
mila datan tur upeti tigang taun, pan Raja Hadis punika,
tan sumiweng paduka Ji.

– Nedya purun lumawana, estu bangga tan purun tur upeti,
wonten pupulunanipun, kalih medal prawira,
kakang adhi anama raden Tamtanus, raden Samtanus arinya,
kalihe prawireng jurit.

– Wonten wana nagri Yunan, papangenan senuk turangga esthi,
wonten kang garudha rawuh, asring mamangsa liman,
langkung ageng garudha tumameng rungkud, sirna liman nagri Yunan,
minangsa garudha siji.

– Yen kala amangsa liman, suku kanan kering samya anyangking,
katiga binekteng cucuk, yen wus tebah nggenira,
liman katri binantingken ngarga remuk, nunten ginilut wangkenya,
mangkana satriya kalih.

– Kaku tyasira nupiksa, aneng wana dihempeng sukuning wukir,
kagendra mangsanya niyup, dupi prapteng bantala,
kang satriya kalih nyandhak sukunipun, pareng nyendhal siji sowang,
suwak byak kang kaga pati.

– Milanipun Hadis ing mangkya, sagendhinge purun ing paduka Ji,
darbe andeling prang pupuh, kalih kang pupulunan,
pun Tamtanus inggih lawan pun Samtanus, lang ing Rum

mangke abangga,
pun raja Kaesarumi.

– Inggih darbe pupulunan, kalih kembar samya prawireng jurit,
pun Iskalan namanipun, kang anem pun Siskalan,
tate dadya lajere kang sunge sewu, duk kang paman darbe karsa,
sang Prabu Kaesarumi.

– Mina bengawan sanambang, dipun giring prapta ing dalem puri,
dening ta ingkang dhadhawuh, punggawa sawadyanya,
pan sakethi sadaya punggawa ing Rum, kang samya anambak karya,
wadya lit datanta wilis.

– Ing wana wreksanya gempang, nanging datan antuk minggah kang warih,
dening lajernya gung kanyut, tur wesi tan kawawa,
inggih saking agenge kang sunge sewu, nateng Rum kaku tyasira,
mangkana satriya kalih.

– Ngadeg ambapang neng toya, dadya kendel wreksa kang pirang kethi,
kang mangka lajere setu, inggih raden Iskalan,
lan kang rayi raden Siskalan puniku, dadya mina manjing pura,
suka Sri Kaesarumi.

– Mila ing mangke tan arsa, atur bulu bekti ing Sri Bupati,
pun Iskalan kang tumangguh, amengsah padukendra,
lan nagari ing Mesir ika kalayu, anut ing satingkahira,
inggih nagari kakalih.

– Apan nagri Mesir mangkya, darbe putri ayu prawireng jurit,
paparab Sajarahbanun, kasub kaonang-onang,
pilih ingkang nangga wawrating prang pupuh, marmanipun tri nagara,
tan purun atur mamanis.

X. SANG AMIR NGLURUG DATENG YUNAN

DHANDHANGGULA

– Benjing enjing yen paduka nangkil, pan kawula nunten maos cacah,
ing nagari sadayane,
nenggih kang maksih suyud, lan kang boten atur upeti,
nagari kang titiga, sampun tigang ungsum,
boten ngaturken bageyan, yen paduka ngandika makaten benjing,
heh patih kaya ngapa.

– Dening para ratu bawah mami, teka wiwit wani jenening wang, amopo bulu bektine,
kawula nunten matur, inggih lamenipun puniki,
kesahe pun Kistaham, punika witipun,
kathah kang murang parentah, sabab boten wonten dipun ajrihi,
masalah ing ngayuda.

– Duk maksihe pun Kistaham nguni, kang anangga bot-repoting praja,
benjang temah malik kabeh,
pasthi pun Jayengpupuh, yen miyarsa nunten nyagahi,
lah tuwan lampahena, mring nagri tetelu,
paduka dhingini surat, sapa ingkang mateni si Jayengmurti,
sun ganjar putraning wang.

– Pasthi benjang tumpesan pun Amir, dening ratu titiga punika, mongsa kalapa jisime,
tan kawarna ing dalu, Sri Bathara enjang tinangkil,

andher kang para raja, punggawa nung-anung,
Satriya Papakuning Rat, saha wadya wus prapta ing pancaniti,
lenggah munggwing wijoan.

– Patih Bestak mudhun denya linggih, ngadeg sarwi maca layang cacah,
kadya mirungu jatine,
nagari kang katelu, ingkang datan atur upeti,
sampun tigang panyarang, ing Yunan lan ing Rum,
ing Mesir katiganira, sru ngandika Sri Bathara Nyakrawati,
ing ngendi maning Bestak.

– Patih Bestak umatur wotsari, inggih namung titiga punika,
ingkang murang piyangkuhe,
nagri kang kawan ewu, sami dhateng kula timbali,
sawab paduka arsa, manggihken pukulun,
ing gusti Retna Muninggar, pinaringken ing angger Sang Jayengmurti,
mila ratu sadaya.

– Kaya paran karepira patih, ana ratu andugang maring wang,
kaya ngapa prayogane,
Patih Bestak wotsantun, gusti boten saged mrayogi,
saengga pun Kistaham, maksi pukulun,
wonten ta kang kinajrihan, tate nyandang bot-repotireng ajurit,
mangke kadya punapa.

– Duk miyarsa Menak Jayengmurti, tedhak saking palowanu retna,
sarya sru pangandikane,
heh Bestak laminingsun, iya aneng nagri Medayin,
pinundhut putra ingwang, marang ing Sang Prabu,
ana jajahan kang bangga, iya ingkang nora ngaturi upeti,
Patih Bestak tur sembah.

– Inggih angger mung tigang nagari, kang kawula timbali tan prapta,

prakawis karya prelune,
damel paduka nengguh, rama tuwan Sri Narapati,
arsa datengken suka, mila para ratu,
kawula kerig sadaya, tigang praja tan prapta malah nyumbari,
tan arseng rama tuwan.

– Ngandika sru menak Jayengmurti, heh ta Bestak sira saksenana,
aywa ge karya ngong kiye,
iya besuk lamun wus, ingsun ngentasaken upeti,
nagari telu ika, bedhahe dening sun,
lamun nora mangkonoa, aywa nuli pinaggihken awak mami,
lawan kusumeng pura.

– Iya patih ingsun kang nindaki, nanging Sang Prabu sunga
punggawa,
kang atuduh marga bae,
kang ngentas iya ingsun, bulu bekti telung nagari,
ingkang nora pasokan, iya telung usum,
heh Umarmadi undhangna, para ratu den padha samekteng
enjing,
sun gitik nagri Yunan.

– Angandika prabu Nyakrawati, Bestak sapa kang yoga milua,
ngiring suteng ngong lakune,
kang weruh dalanipun, ingkang anjog Yunan nagari,
tur sembah atih Bestak, pan inggih pun Karun,
kang tate dhateng ing Yunan, lah ta iya nuli samektaa enjing,
umiring sutaningwang.

– Mulya jengkar prabu Nyakrawati, bubar sagung kang nangkil
sadaya,
Jayengmurti sabalane,
prapteng pakuwonipun, boboyongan saking Serandil,
myang brana mas sosotnya, kang badhe pamethuk,
yen medal Retna Muninggar, mangkya mendho dadya ngatur-
ken mring puri,
kerid ing Arya Maktal.

– Prapteng pura katur ing Narpati, duk samana suruping Hyang Arka,
sang nata nimbali age,
Patih Bestak ing dalu, lawan raja Karun mring puri,
kalih wus prapteng ngarsa, ngandika sang Prabu,
lah kaya paran reh anta, aprakara lakune si Jayengmurti,
tur sembah Patih Bestak.

– Inggih pun Karun kawula weling, prapteng wana dipun sasarena,
Jayengmurti ing lampahe,
margi kang awis banyu, dimen sayah sawadyaneki,
amung Karun ta sira, kang sanguwa banyu,
yen Wong Menak mundhut toya, aturana warana racunku iki,
dimen mati neng ngalas.

– Sabalane pasthi padha agring, sabab banget kasatan ing toya,
apan ta loro dalane,
kang siji larang banyu, kang sawiji amurah warih,
wus mateng rekanira, Bestak lawan Karun,
ing dalu tan winursita, enjing sampun samekta wadyanira Mir,
budhal saking jro kitha.

– Raja Karun kang angirid baris, mbekta bala satus aneng ngarsa,
wadyeng Kohkarib sambunge,
nulya kang para ratu, kang nambungi sawadyaneki,
tundha-tundhaning lampah, gumulung kadya lun,
bala gung tebih lampahnya, saking kitha prapteng ujunging wanadri,
baris wutah balabar.

– Saking kitha angsal pitung latri, dupi langkung saking pitung dina,
ngambah margi simpangane,
ingkang tan ana banyu, kang saweneh wadya ana ngling,
baya ing ngarep kana, iya ana banyu,
lampahe agagancangan, tiningalan ing marga tan ana warih,
mung Karun balanira.

– Samya winangsit asangu warih, dadya lalampahan kalih siyang,
jurang kali asat kabeh,
dadya tanya mring Karun, wau sira Prabu Marmadi,
heh Karun kaya ngapa, nora ana banyu,
bala gung kabeh kasatan, Karun angling nguni kedukan puniki, sadaya isi toya.

– Milanipun kawula tan dugi, sipat jurang nguni isi toya,
ing mangke asat anggereng,
manawi ta ing ngriku, ngajeng bilih wonten kang warih,
sigra wadya sadaya, ing mangsanira duk,
tengange mempening panas, gajah jaran tan ana bisa lumaris, saking sanget kasatan.

– Samya kendel sakathahing baris, akeh nginum uyuhing dipongga,
miwah uyuh kuda kalde,
memreng blegdaba senuk, pan pipikul kang nginum sami,
satriya myang punggawa, den pilahur lesu,
wadya kang sikep gagaman, tan kuwasa samya sinelehken nuli,
wau Sang Kakunging Rat.

– Kendel lenggah sor mandira nenggih, tuwin ratu satriya punggawa,
samya sayah ting legeyeh,
ngandika Jayengpupuh, heh ta kakang Umarmayeki,
paranta budinira, dene kang wadya gung,
tan ana anginum toya, pitung dina apa dene awak mami,
sayah meh tan kawawa.

– Iderana kakang alas iki, bok pinareng iya ana toya,
kakang ulatana age,
sigra Umarmaya wus, mesat saking ngarsanira Mir,
nedya ngupaya toya, ngubengi wana gung,
Marmaya langkung sangsaya, agung mulat ing ngarsa myang kanan kering,
ya ta wonten winarna.

– Kaki-kaki nguwuh saking wuri, Umarmaya sireku met apa,
mulat ing kanan keringe,
kagyat Marmaya jumbul, duk kawawas sigra nauri,
manire pan dinuta, marang gustining sun,
wong menak langkung kasatan, sabalane tuwin kang turangga esthi,
tan antuk nginum toya.

– Kaki tuwa mesem pan sarya ngling, sarwi nojohaken tekenira,
ingkang bantala mijile,
pan dadya toya agung, Umarmaya eram ningali,
apa iki malekat, apa walinabu,
tutulung dasih kasihan, sru ngandika heh Umarmaya den aglis,
buyungmu isennana.

– Bok kaselak ika Jayengmurti, den wehi banyu si Karun ika.
manawa kongsi den ombe,
iya den wehi racun, wusnya angling musna tan keksi,
kaki tuwa tan ana, Umarmaya gupuh,
buyunge wus ingesenan, sigra mesat warnanen Sang Jayengmurti,
kang lenggah sor mandira.

– Sanget denya kasatan ing warih, raja Karun neng ngarsa tur sembah,
ing mangke kawula taken,
ing nguni amba sangu, toya kantun sabathil alit,
pan inggih sasaosan, paduka pukulun,
Karun kesah nuli prapta, bekta toya sabathil kang den racuni,
katur Sang Kakunging Rat.

– Duk tinampan gumeter asteki, osiking tyas duk ingsun neng Selan,
iya uga pan mangkene,
getere astaningsun, linarihan mring si Jansikin,
dangu sinanggeng asta, toya tan den inum,
Karun matur pranata, mila datan kaunjuk toya ing bathil,
sampun tawalang driya.

– Mangsa ngaturana kawuleki, corah dora-cara ing paduka,
milanta sanget getere,
pan paduka pukulun, sanget uyang tan minum warih,
kasaru Umarmaya, prapta ngindhit buyung,
miyat yen Sang Kakunging Rat, nangga bathil Marmaya
nguwuh anjelih,
duh sampun tuwan enggal.

– Ngunjuk toya saking Karun bathil, lah puniki toyangsal
kawula,
buyung gya ingaturake,
bathil wande den inum, Umarmaya ngaturken warti,
wau kala kawula, dereng angsal banyu,
wonten kaki-kaki getak, saking wuri teken tinojohken siti,
lajeng dres medal toya.

– Wuwusipun kaki tuwa wadi, lah den age buyungmu isenana,
nuli balia den age,
selak ika si Karun, asung banyu ing Jayengmurti,
yen kongsi den inuma, pan den wehi racun,
kaki tuwa nulya musna, mila cidra inggih pun Karun puniki,
Karun akipa-kipa.

– Ingkang ora-ora Marmayeki, mangsa ingsun pakartiya dhustha,
ing Jeng Gusti nah ing angger,
Umarmaya nulya sung, bathil kinen nginum pribadi,
pan banyu saking sira, inumen den gupuh,
Karun janggapi sru ngucap, sira banyu aweh laknat maring
mami,
toya sarwi binuwang.

– Saking wrate sun ngabdi Sang Aji, supayane manira kandela,
Marmaya wengis wuwuse,
lah pepeksan si Karun, Umarmaya gya dhudhuk siti,
kang mentas winuthana, toya bathil wau,
kang siji jinur lan toya, inginumken mring balane Karun sami,
satus pejah sadaya.

– Duk tumingal Prabu Umarmadi, lawan satriya ing Tambakretna,
kalih gya narik pedange,
Kafunaniba gupuh, anungkemi padanira Mir,
minta gesang mlas arsa, Wong Menak lingnya rum,
heh Karun sira kapoka, yen kongsia mindho sira sun pateni,
Karun nembah sandika.

– Umarmaya mucicil den nyangling, heh ta Karun apa dora ingwang,
de sira ngaku bareseh,
Karun nangis tumungkul, nulya wau Sang Jayengmurti,
budhal mring ngening toya, lawan para ratu,
wadya gung asigra-sigra, prapteng sunge anyar suka-suka sami,
myang sagung tutunggangan.

– Samya angum ginuyangan sami, masanggrahan sadalu neng kana,
wadya gung ngundhangan kabeh,
kinen sanguwa banyu, bok ing ngajeng tan ana warih,
sagunging tutunggangan, winowotan banyu,
nggempur pring ori ing wana, karya lodhong winot tutunggangan sami,
saking geng toyasmara.

XI. SANG AMIR NONJOK SERAT PANANTANG DATENG RAJA HADIS

ASMARADANA

Budhal Sang Prawireng Jurit, saking kuwu sunge anyar,
gumuruh wadya balane, kadya kang udadi pasang,
suka sagunging wadya, ginelak kang baris agung,
prapteng jawi kitha Yunan.

– Gegere kadya sinipi, wong desa ngili jro kitha,
wau Sang Jayengpalugon, masanggrahan saha bala,
sawadya para nata, kinen nunuruta gupuh,
ing Raka Bagenda Abas.

– Tunggul panantanging jurit, wus dadya katur kang surat,
ngandika sapa kinongkon, Karun majeng atur sembah,
inggih angger kawula, nanging kanthenan ulun,
wadya sawidak kewala.

– Nulya pinaringan aglis, kang serat sampun tinampan,
Karun mesat awot sinom, angiring wadya sawidak,
samya luhur turangga, kuneng gantya kang winuwus,
Sri Nara Nata ing Yunan.

– Kang paparab Raja Hadis, enjang miyos siniwaka,
supenuh kang punggawa ndher, Patih Gajal munggwing ngarsa,
lawan kang pupulunan, Raden Tamtanus Samtanus,
kalihe wus munggeng ngarsa.

– Patih Gajal munggeng ngarsi, pukulun mengsah geng prapta,
utusanipun Sang Katong, Medayin Prabu Nusirwan,
ndatengaken runtiknya, de paduka tigang tahun,
boten ngaturken bageyan.

– Kang sagah ngentas upeti, nagri titiga punika,
satriyanipun Sang Katong, kawijilan saking Ngarab,
paparab Menak Ambyah, kang badhe pinundhut mantu,
sugih bala para nata.

– Kang dadya pangirid baris, ratu kembar kawan dasa,
kalangkung kathah balane, kang samya wahana kuda,
wadyane Umarmaya, tigang yuta nitih senuk,
rong ewu nitih turangga.

– Dene kang saking Serandil, wadyane Sang Kakunging Rat,
kang nitih turangga bae, kalih kethi tigang leksa,
miwah kang nitih unta, memreng balegdaba senuk,
angrimong lan adal-adal.

– Tuwin wadya Ngalabani, Kebarkangkan lan ing Yahman,
Prabu Hadis ngandika lon, heh Kulup mungsuhmu prapta,
arsa narik bageyan, tur sembah Raden Tamtanus,
inggih sokur lamun prapta.

– Sampun sing nglampahken wakil, nadyan Nusirwan praptaa,
keriga jabang bayine, ajrih-ajriha punapa,
apan sampun kasedya, wor getih lan wong Medayun,
kasaru wau praptanya.

– Karun marang ngarsa aglis, kagyat sagung kang sewaka,
dene praptanya darojog, puniku pan kawanuhan,
lawan Sang Rajeng Yunan, pun Karun punika ratu,
saking nagari Ngoban.

– Mila dadya ratu meskin, balane tumpes duk aprang,
lawan Sang Jayengpalugon, neng Medayin jawi kitha,.
kala Sang Jayengrana, lolos saking ing Medayun,
dinukanan saba pura.

– Tinututan putra kalih, Karun kang dadya pangarsa,
katutup tumpes balane, keneng gelar arda condra,
satriya Tambakretna, lan Raden Umarmayeku,
kang numpesi balanira.

– Kapikute putra kalih, Urmus Semakun punika,
ing bala Jayengpalugon, duka Sang Prabu Nusirwan,
Bestak miwah Kistaham, samya nimpen awonipun,
Karun kinarya ampungan.

– Mila keni putra kalih, kapikut balanira mByah,
dening Sang Karun barise, ingkang dhadhal duk tinunjang,
larut marahi bubar, mila nagrine ginantung,
mangkya wewah kasusahan.

– Katur mula bukaneki, tuwin lampahnya dinuta,
ingebang mulih prajane, nenggih lamun angsal karya,
yen jaya Rajeng Yunan, serat pipingidan sampun,
saking Bathara Nusirwan.

– Wus tinampan ing Sang Aji, ing Yunan sâmpun kaduga,
nulya malih ngaturake, serat kang saking Wong Menak,
winaca wus kaduga, Prabu Hadis ngandika sru,
Karun aywa walang driya.

– Patine si Jayengmurti, pan wus kagem ngastaning wang,
aywa sira pindho gawe, lah iku balane sapa,
kang padha ngiring sira, Karun matur bektanipun,
inggih wonge Jayengrana.

– Balamba satus ngemasi, keneng racun aneng wana,
iku Karun kaya priye, arsa sun perung sadaya,
irunge ingsun paras, dimen ajrih gustinipun,
padha mulih peperungan.

– Karun matur yen suwawi, luhung pinejahan pisan,
samya ginantung sirahe, aneng sajawining kitha,
wong sawidak miyarsa, samya ngenes manahipun,
tan ana angrasa gesang.

– Sadaya wus nyipta pati, dupi wau kapiyarsa,
Sang Karun ika rembuge, lawan Sang Prabu ing Yunan,
satriya kalih sigra, tedhak saking dennya lungguh,
Tamtanus langkung runtiknya.

– Netra ndik mawinga wengis, jaja lir metu dahana,
nudingi seru wuwuse, Karun dene liwat ala,
mangkono solahira, jejemberi manungseku,
wong kaya warnanira.

– Aja si satriya mantri, yen tekade kaya sira,
nadyan wong cere-mancere, durung tumon kaya sira,
ngrusak tataning praja, iya ngendi ana ratu,
teka mateni kongkonan.

– Kalawan iku wong cili, kinen ngiring lakunira,
mengko wus prapta ing ngendon, teka sira gawe ala,
tangeh lamun malesa, kabecikane ing ngenu,
ambuwang gawene jalma.

– Sira iku sun arani, bebeting kumpra urakan,
amurang ing krama gedhe, sira wus dadi punggawa,
kaya kurang manungsa, wong kaya tatah warnamu,
teka den gawe punggawa.

Larang wong nagri Medayin, dene ratu binathara,
yen mungguha kaya ingong, gawe gamel datan arsa,
ing wong angrusak praja, ngingu wadya sasar-susur,
dudu den arani iya.

– Ireng den arani putih, putih den arani abang,
tan anut bawa kramane, dene punggawane ala,
parentah cacah-cucah, nagarane hara-huru,
ratune ratu gorekan.

– Marma ngong nedya ngayoni, marang ratu Nusirwan,
eman bulu bektiningong, kasrah ing ratu gorekan,
apan ing mula-mula, kabeh kareh ing Medayun,
tan ana suwaleng karsa.

– Pan dingin ratune becik, ing mengko ratune ala,
iya ala punggawane, luluri becik tininggal,
nganggo atur kang ala, kang ngrusak jajahan iku,
saanane patih Bestak.

– Apan muara Nistani, nguni lan Saharji ika,
mung sakethi pametune, ing mengko alame Bestak,
bandar pajege mundhak, limang kethi undhakipun,
iku rusaking nagara.

– Duk ginadhuh Paman Aji, bandar Nistani tan owah,
mung sakethi laladene, pirang-pirang panjenengan,
Medayin datan owah, mung saiki undhakipun,
tarekahe Patih Bestak.

– Pangrasane si papatih, Bestak angarani kaya,
iku teguh sejatine, basa kayaning punggawa,
iya bedhah nagara, lawan ambubak wana gung,
wong cili pinaring beya.

– Karyane ngadu wong cilik, suka angalap ruruba,
ratune nuruti bae, lamun bakal rahayua,
iya mangsa nuruta, karusakane ing ratu,
duwe punggawa melikan.

– Lan punggawa cekak budi, iku rusaking nagara,
mung ruruba alaning wong, gustine pinrih runtika,
iku wong tan wruh ngajar, wau Raja Dis lan Karun,
kalihe tan bisa ngucap.

– Tan bisa nanggulang angling, dening kaluhuran sabda,
Tamtanus parentah age, amundhut arta busana,
prapta pirang nanampan, wus pinaringaken wau,
mring wadya Ngarab sawidak.

– Patang pangadeg wong siji, emase nyetail sowang,
wus linilan mantuk kabeh, bingar tyase wong sawidak,
mundur samya manembah, prapteng jawi kitha sampun,
samarga den gawe ujar.

– Tuhu yen satriya luwih, ya Raden Tamtanus ika,
abagus palamarteng wong, nora kaya Karun ika,
tuhu alaning kewan, lampah tan kawarneng ngenu,
wus prapta ing ngarsanira.

– Satriya Wiradimurti, nuju siniwakeng bala,
duta matur sasolahe, wiwitan prapteng wekasan,
Karun satingkahira, miwah solahe Tamtanus,
suka kang samya miyarsa.

– Ngandika Sang Jayengmurti, tegese kang laku ala,
yen narima kang ginawe, wong becik ginawe ala,
ana kang males liya, kabecikane wong iku,
sarta falale Hyang Sukma.

– Apa lire wong abecik, dhemen karya kabecikan,
wong ala iku sukane, karya saking sama-sama,
besuk ngong seksenana, yen aprang lawan si Karun,
sun lawan tanpa gagaman.

– Marmaya mentara aglis, nandukna surat mring Yunan,
Dyan Umarmaya lumengser, saking ngarsanya Wong Menak,
lampahe sigra-sigra, tanpa wadya lampahipun,
kapungkur ing pasanggrahan.

XII. WADYA BALA YUNAN BIDHAL BADHE MAPAGAKEN MENGSAH DIPUN TINDHIHI TAMTANUS TUWIN SAMTANUS

PANGKUR

– Prapteng jroning kitha Yunan, Sri Narendra Yunan maksih tinangkil,
Marmaya jujug ing pintu, aken kang tunggu lawang,
kinen matur yen ana caraka rawuh, kang aran Ki Umarmaya,
dutane Sang Jayengmurti.

– Wong tunggu lawang saksana, mring ngayunan sigra matur wotsari,
Gusti wonten duta rawuh, wasta pun Umarmaya,
dutanipun Kalana Anjayengsatru, langkung kayungyun kang warna,
ngandika Sang Raja Hadis.

– Heh Karun ana wong Ngarab, Umarmaya dutane Jayengmurti,
Karun matur gih puniku, lulurah kapetengan,
anyalunthang wontena pun Ambyah sewu, aluwung pun Ambyah uga,
Marmaya punika baring.

– Apan hantu kamanungsan, Raja Hadis mesem sarya anuding, timbalana den agupuh, kang kinen sampun prapta,
Umarmaya nulya binekta tumanduk, prapta munggeng ngarsa nata,
Marmaya jujug angering.

– Medal ing ngarsa Sang Nata, datan arsa nanduken Prabu Hadis,
anjujug Raden Tamtanus, Marmaya marek nembah,

Raja Hadis nudingi sru denya muwus, Umarmaya liwat ngarsa, tan nembah ing jeneng mami.

– Mundur ta satriyaning wang, sira sembah Marmaya sru nauri, sanadyan ta sira ratu, ujer si ratu kumpra,
pratandhane niaya ilang adilmu, sanadyan iki satriya,
duwe palamarta adil.

– Ratu lala-lucu sira, nora harus sinembah wong sabumi,
angur sinembaha kuwuk, nembah ratu niaya,
kang utama ing jana Raden Tamtanus, belaba tur palamarta,
amupugi ing kaswasih.

– Nateng Yunan langkung duka, lah cekelen si setan pothar iki,
wadya non Sang Nata bendu, sigra sareng rumagang,
pinarbutan Marmaya umesat gupuh watara pitung landeyan,
medhun kanjare tinarik.

– Nganjar olih dhas titiga, wadya Yunan kang kari samya ngukih,
kweh kinanjar gulu rampung, geger ing panangkilan,
Umarmaya gya masang sosorotipun, mumbul ana sangang dhepa,
panangkilan udan geni.

– Samya lok hantu sadaya, Umarmaya mudhun sarwi sisirig,
anguncali surat sampun, tibeng pangkon Sang Nata,
wus binuka winaca sinuksmeng kalbu, heh hantu sira matura,
ing gustimu Jayengmurti.

– Yen ingsun mapag ing aprang, Umarmaya ingsun tan arsa becik,
besuk narika gustimu, bageyan telung mongsa,
lamun ingsun uwis ajur dadi awu, ing mengko mangsa keniya,
sira narik bulu bekti.

– Marmaya mundur umesat, tan antara katon pakuwon Amir,
sapraptanira tumanduk, ngabyantaranira mByah,
katur barang solah mula bukanipun, tengara Sang Jayengrana,

budhal ngangsegaken baris.

– Gumuruh kang bala kuswa, ujwala lir wangkawa obar abir,
daludag kadya kukuwung, katubing samirana,
panggeroning dipangga kadya arga rug, ngriking kuda lir ampuwan,
pangjriting rimong melingi.

– Ginelak lampahing bala, prapteng jawi kitha pamedan radin,
bangawan agung ing pungkur, ingangkah badhe papan,
ing ngayuda Sang Jayengmurti kukuwu, lan sawadya para nata,
Sang Prabu Yunan winarni.

– Miyarsa yen barisira, Jayengmurti mrepak kitha ngebeki,
enjang tengara gumuruh, umung kendhang gong lawan,
gubar beri wor senggani swaranipun, miwah kriciking gagaman,
wor pangriking turanggesthi.

– Gumrah kang wadya sanega, wus samekta gagaman nulya mijil,
Raden Tamtanus Samtanus, pamugarining yuda,
kang minangka lalajering aprang pupuh, ababala ngalih leksa,
kang samya nitih turanggi.

– Miwah senuk balegdaba, wadya Ngarab gumuruh munggeng wuri,
pra dipati kang sumambung, prapta jawining kitha,
Raja Hadis pan maksih aneng kadhatun, amung ngaben pupulunan,
kinen magut ing ngajurit.

– Tata baris sira aglar, Jayengmurti sawadya wus miyosi,
atata kang para ratu, gagaman wijan-wijan,
pan gumuruh baris kalangan atepung, barise mungsuh lan rowang,
punggawa para narpati.

– Angayap Sang Kakunging Rat, surak umung mungsuh rowang barengi,
Raden Tamtanus Samtanus, ingayap pra dipatya,
pra satriya ing Yunan saos ing ngayun, Raden Tamtanus tumedhak,
sampun anitih turanggi.

– Mangsah ing rana susumbar, endi silih kang mapag tandang mami,
payo sapa arep lampus, kene kembulan gada,
iki silih prajurit aran Tamtanus, papakune nagri Yunan,
aywa na ngunduri westhi.

XIII. TAMTANUS PERANG KALIYAN LAMDAHUR TUWIN UMARMADI

DURMA

– Tedhak saking matengga Sang Prabu Selan,
amit ing Jayengmurti, amba kang umangsah,
tandange kang satriya, katura babandan mangkin,
ngarsa paduka, prajurit peksa luwih.

– Ingidenan Prabu Lamdahur manembah,
ngaras padanira Mir, mangsah nitih liman,
sarwi amandhi gada, surak bala ing Serandil,
myang wadya Ngarab, lir guntur arga siwi.

– Sira Raden Tamtanus ingkang tumingal,
mungsuhe nitih esthi, tedhak saking kuda,
sampun nitih dipangga, gumuruh suraking fasih,
panggih kalihnya, samya neng luhur esthi.

– Asru mojar Tamtanus aranmu sapa,
prajurit gung tur inggil, baya sira Ambyah,
sumaura Jeng Selan, ingsun Sang Prabu Serandil,
Lamdahur ingwang, ababala para ji.

– Angreh ingsun nagara ingkang amanca,
wolung ewu bupati, pra ratu sanambang,
anak Prabu Sadalsah, ing Selan ratu linuwih,
bala bacingah, sinembah ing para ji.

– Mesem mojar Tamtanus ragane sira,
narendra ing Serandil, payo anggadaa,
sumaure Jeng Selan, tan ana watak dhingini,
sabalanira, wong Agung Jayengmurti.

– Balik sira laknat payo anggadaa,
Dyan Tamtanus sru angling, iya den prayitna,
kudhunga banda baya, Tamtanus muter gada glis,
wrat sewu katya, pinupuh Sri Bupati.

– Sarwi senggak Tamtanus panggadanira,
mubal kang ponang agni, jumebret lir gelap,
kuwate kang anangga, oreg bumi kadya gonjing,
padhola ngambak, kumucak kang udadi.

– Samya hebat wadya Rab ingkang tumingal,
jrit pun Mageloningsih, nanging tinahanan,
obah babalungira, satus Sang Prabu Serandil,
gumeter obah, wulu marebel getih.

– Senggak-senggak Raden Tamtanus sru mojar,
heh ratu ing Serandil, geng aluhur sira,
nanging apes ing yuda, lah payo malesa aglis,
Lamdahur sigra, ngundha gada mrepeki.

Den prayitna Tamtanus sira sun gada,
kudhunga paris wesi, tumempuh kang gada,
mubal metu dahana, jumebret lir gelap muni,
nanging tan obah, Tamtanus ananggeni.

– Asru mojar heh Lamdahur apa iya,
pupukulmu mung iki, gung aluhur sira,
prandene tanpa guna, pupukule bocah cilik,
patut dadiya, boboyongan sireki.

– Dudu sanggan amungsuh prajurit Yunan,
ratumu ing Medayin, konen metu ing prang,
sun kalungane gada, Nusirwan dimen ngemasi,
maria nacah, amupu bulu bekti.

– Dadya rame kang yuda gada-ginada,
ambuwang gada kalih, sareng narik pedhang,
rame pedhang-pinedhang, sareng tedhak saking esthi,
sendal-sinendal, samya kuwate kalih.

– Pan salingsir kilen dennya banda yuda,
malah kasaput latri, tan ana kasoran,
sareng mundur kalihnya, wong alam kalawan kapir,
Sang Jayengrana, kasukan lan para ji.

– Sarwi gunem angrasani ing ngayuda,
ngandika Jayengmurti, Yayi Rajeng Selan,
paran satriyeng Yunan, sasanggane ing ngajurit,
sedheng prawita, sajeg kawula jurit.

– Dereng manggih kadi Tamtanus ing aprang,
sembada nom apekik, tarampil tur kuwat,
mesem Sang Kakunging Rat, denya kasukan salatri,
sarya dhadharan, kuneng wus gagat enjing.

– Teteg muni tengarane wong ngayuda,
kendhang gong lawan beri, gong maguru gangsa,
wau Sang Jayengrana, sawadya bala wus mijil,
neng rananggana, ingayap ing para Ji.

– Raden kalih wus mijil ing pabaratan,
ingayab ing prajurit, sigra nitih kuda,
mangsahira nanggana, surak lir karengeng langit,
mungsuh lan rowang, gumrah mawanti-wanti.

– Sira Raden Tamtanus asru susumbar,
payo sapa metoni, mapag tandang ingwang,
endi kang adol karya, kang sanggup narik upeti,
bakal ginanjar, mring ratu ing Medayin.

– Lir sinebit Marmadi talinganira,
amit ing Jayengmurti, ingiden umengsah,
sigra nitih turangga, kawot sakaprabon jurit,
prapteng payudan, ayun-ayunan sami.

– Sira Raden Tamtanus asru tatanya,
lah sapa sira iki, baya ingkang aran,
satriya Jayengrana, wakile Rajeng Medayin,
kang sanggup iya, angentas bulu bekti.

– Anahuri mbok sira tambuh maringwang,
sun ratu ing Kohkarib, iya kang paparab,
Sang Prabu Umarmadya, Tamtanus gumuyu angling,
wingi sun aprang, lan ratu ing Serandil.

– Geng aluhur nora kaprah ngalam donya,
mengko tan metu maning, teka ndadak sira,
aprang lawan manungsa, dening ratuning memedi,
nora prayoga, mapag ing tandang mami.

– Papantesmu dherek aneng ngisor bendha,
ngadhepi wewe gering, delap temen iya,
manungsa kaya sira, dadak umadeg narpati,
pan eman-eman, bumi sira anciki.

– Baya sira duk jabang nusu ing buta,
butane buta gudig, langkung runtikira,
sira Prabu Marmadya, nora nganggo tata jurit,
lajeng anggada, Tamtanus anadhahi.

– Datan osik astane katiban gada,
pinindho pining katri, Tamtanus malesa,
aywa kakehan swara, Tamtanus latah dennya ngling,
iya den yitna, sun wales Umarmadi.

– Muter gada suraking bala gumerah,
lir ruging arga siwi, tumempuh kang gada,
sinangga banda baya, jumebret lir gelap muni,
mubal dahana, gumeter Umarmadi.

– Balungira obah kang satus sawidak,
turangganira anjrit, angucap ing nala,
sira Prabu Marmadya, akuwat temen si belis,
kaya kasoran, yen pranga wantah mami.

– Becik waleh sun gadane kudanira,
dimen tiba kuwalik, sun tututi gada,
gigire kerasaa, Marmadi sawusnya nganggit,
nunungkul gada, mukane kang turanggi.

– Kuda rebah Tamtanus tiba kasingsal,
dyat tinututan bindi, gigire kang kena,
kaparwasa ing gada, anjumbul Tamtanus runtik,
ratuning ala, nguthuh prange si anjing.

– Seleh gada Tamtanus mangsah anyandhak,
kudane Umarmadi, tinepak palastra,
remuk polo ngelalar, wus samya dharat kang jurit,
surak sauran, suka kang aningali.

– Marmaya wruh yen Marmadi karepotan,
nanging isin ngunduri, maksih tinahenan,
anulya tinetegan, mundur kalih kang ajurit,
mungsuh lan rowang, amasanggrahan sami.

– Jayengmurti lan sawadya para nata,
lajeng kasukan sami, pupundhutan medal,
dalu samya bujana, miwah satriya Yunani,
dalu bujana, yata wuwusen enjing.

– Dyan tengara medalaken barisira,
mungsuh rowang miranti, akepung kalangan,
rame surak gumerah, Tamtanus miyosing jurit,
nitih turangga, susumbar nguwuh tandhing.

– Payo Jayengmurti ajwa ngadu bala,
nadyan para narpati, prange tanpa karya,
yen ora lawan sira, tanpa wekas ing ngajurit,
wau miyarsa, ngandika Jayengmurti.

– Iya Maktal den age si Kalisahak,
saosna ngarsa mami, sigra nateng Kebar,
ngambili Kalisahak, Kalana Jayadimurti,
ngasuk busana, lapis kere baruti.

– Tapak asta saking Nabi Daud ika,
lawan Nabi Ismangil, kace pinaremas,
pusaka Jeng Suleman, makutha kang binuka sri,
lan Nabi Iskak, mojah sinuji-suji.

– Lan pusaka ekal saking Nabi Musa,
pinggang saking Jeng Nabi, Ngisa rema Adam,
pinetak neng mastaka, sagunging gagaman jurit,
wus kawot samya, munggeng luhur turanggi.

– Sigra nitih turangga mring rananggana,
Kalana Jayengmurti, suraknya gumerah,
kadya prawata rebah, turangganira sisirig,
ayun-ayunan, Tamtanus tatanya ris.

– Sapa aranmu kang amapag yudaningwang,
sumaur ya mami, satriya suraya,
nira Prabu Nusirwan, iya menak Jayengmurti,
ingkang tenaya, Arya Ngabdul Muntalib.

– Pan ing Mekah iya turasing Ambiya,
Ibrahim kalilahi, Kures bangsaningwang,
apan kaprenah wayah, ingsun lan Bagendha Hasim,
duk amiyarsa, Tamtanus sru denya ngling.

– Kalingane sira iku Jayengrana,
hebat sun aningali, de boyonganira,
kweh ratu gagah-gagah, sira iki adedeling,
apa prang kemat, kanthimu ing ngajurit.

XIV. TAMTAMUS, SAMTANUS TELUK DHATENG SANG AMIR

KINANTHI

– Sumaur pangeraningsun, kang paring kuwat ing dasih,
Raden Tamtanus lingira, lah payo nggadaa aglis,
nauri Sang Kakunging Rat, iya kudu cara mami.

– Yen dhinginana prang pupuh, sira anggadaa dingin,
Tamtanus sru wuwusira, lah iya den ngati-ati,
akudhunga bandabaya, tan wurung sira ngemasi.

– Angetap kuda Tamtanus, amuter gadanireki,
tumempuh parisanira, jumebret lir gelap muni,
saking sru pamupuhira, bumi horeg kadya gonjing.

– Akuwat panangkisipun, Kalana Jayadimurti,
parise mubal dahana, surak bala ing Yunani,
ilang urubing dahana, tan owah Sang Jayengmurti.

– Anggada malih Tamtanus, kaping kalih kaping katri,
angetoken kuwatira, Wong Menak datan wigati,
tan gigrig wulu salembar, mojar putra ing Yunani.

– Tuhu prawira sireku, pantes siniweng prajurit,
tan ana wong kaya sira, prajurit sanung sabumi,
kang kasangga ing bantala, kang kasongan ing wiyati.

– Lah payo malesa gupuh, ngandika Sang Jayengmurti,
iya sira den prayitna, kudhunga putreng Yunani,
Jayengmurti ngundha gada, saking putra Kebar nguni.

– Sigra gadane tumempuh, kuwate ingkang nadhahi,
obah kang bumi prakempa, gigiring turangga palih,

Raden Tamtanus malesat, dening siti umadeg aglis.

– Jayengmurti tedhak gupuh, wus dharat kang yuda kalih,
